Зыщ ди блэкІари, зыуэ щрет ди къэкІуэнури

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ПУТИН Владимир: Урысейм и фейдэ къыпэкІуэну щытмэ, хэти сыдэлэжьэну сыхьэзырщ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир, хабзэ зэрыхуэхъуам тету, иІъэсыр зэрекІуэкІар къыщащытэж зэІущІэ ин журналистхэм ядригъэкІуэкІащ.

Мы гъэм пандемием дызригъэува щытыкІэ гугъум къыхэкІыу, пресс-конференцыр онлайн жыпхъэм иту екІуэкІащ. УФ-м и Президент Путин Владимир къыздипсэлъыкІ Ново-Огаревэ хэщІапІэм щІэсахэм нэмыщІ, журналистхэр Сатумкіэ дунейпсо центрым щызэхуэсащ, Урысей Федерацэм и федеральнэ округым ис журналистхэм я упщІэхэр къали 8-м къуарыкІащ, къищынэмыщІауэ, Москва щылажьэ Колл-центрым щызэхуахьэса упщІэхэри ираташ.

Дэ, Кавказ Ищхъэрэм и журналистхэр, Ставрополь къалэм дыщылэжьащ, Ямп каналым и корреспондент Краснов Павел Іуэхур зэригъакІуэу.

СыхьэтиплІрэ ныкъуэкІэ екІуэкІа зэІущІэм упщІэ зэмылІэужьыгуэ куэд къыщыІэтащ. Ахэр теухуат къэрал кІуэцІым, къэрал щыІым къыщыхъу-къыщыщІэхэм, экономикэм, егъэджэныгъэм, медицинэм. Ауэ, дауи, нэхъыбэр зыгъэпІейтейр 2020 гъэм коронавирус уз зэрыщІалэм зэрыпэщІэтымрэ абы жылагъуэр щыхъуэ зэрыхъунымрэщ. Журналистхэр нэмысу къэнакъым Навальный Алексей, Сафронов Иван, Шамалов Кирилл, Фургал Сергей сымэ я Іуэхуэмэ.

ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦЫР къыщыдзэуихым Путин Владимир жиІащ апхуэдэ жыпхъэм ит зэІущІэм мыхьэнэшхуэ зэрыритыр, къэралым щекІуэкІ псомэ я хъыбарыр и чэзум къыІэрихьэ пэтми, Урысей Федерацэм ис цІыхухэм занщІэу ядэуэршэрыным нэхърэ нэхъ лъапІэ зэрыщымыІэр, псэукІэр ефІэкІуэн папщІэ яцІэн хуейуэ цІыхубзм къалъытэр зэхихмэ, зэригуапэр.

Пресс-конференцыр езыгъэкІуэкІа Песков Дмитрий апэ псалъэр лъигъэсащ Владивосток щыІэхуэса журналистхэм ящыщ зым. Ди дежкІэ зэІущІэр сыхьэт 12-м щІидзами, КъуэкІыпІэ Жыжьэ федеральнэ округым зэманыр пщыхьэщхьэм щынэблигъат. Магадан щыщ Щербаковэ Людмилэ щІэупщІащ псомэ къатехьэлъа 2020 гъэр къэралым дежкІи гугъу дыдэт ихьэмэрэ фІы гуэри хэта мы илъэсым жиІэри.

- ГъащІэр, дунейр зэрекІуэкІым хуэдэбзэу фІыи, Іеи хэтащ мы илъэсым, - жиІащ Путиным. - Пэжщ, псори дызыгъэпІейтей гугъуехьщ коронавирус уз зэрыщІалэм къытхуихьа пандемиер. Ауэ абы щыІыкІэ гугъу иригъэувар Урысейм и закъуэкІыам, атІэ дуней псор бзыльх хидзащ. Узыншагъэр хьумэнымкІэ щІэныгъэм щыхьэт зэрытехъуамкІэ, цІыху мелуан 70 Іууащ абы. Пандемием къытхуихьащ жыпхъэ пыухыкІахэр - къыщІэдгъэкІэмрэ тщІыхэмрэ зэрыхэщІар, къэралхэм яхуэдгъашэхэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар, лэжьапІэ Іэнатіэхэр зэрызэхуащІар, цІыхухэм я хэхъуэм зэрыкІэрыхуар. А псори къыщыхъуащ ди гъащІэм.

Ауэ а гугъуехьхэм дыпэлъащІ хуэдэу дыпэщІэуващ икІи зэпІэззэрыту къызыдонэкІ. Зи экономикэ щытыкІэм иригушхэу, зи медицинэр зи напщІэ тель, псэукІэ тэмэм щыІэзэтеухуа къэрал куэдым нэхърэ нэхъыфІу дыпоплъэщ дэ мы къытлъыкъуэкІа гугъуехьым. Дэ иджыпсту ди ВВП-м проценти 3,6-кІэ кІэрыхуащ, ар нэхъ мащІэщ Европэм, Евросоюзым хыхьэ къэралхэм, США-м иІэ хэщІыныгъэм нэхърэ. Промышленностым къыщІигъэкІыр проценти 3 хуэдизкІэ екІуэхащ, ар къэзыщІар щыІагъэр щэнкІэ ехьэлІа Іуэхуэхращ. Мэкъумэш Іэнатіэм и гугъу пщІымэ, иужьрей илъэсхэм зиужь зэпытщ, иджыпстукІэ процент 1,8-рэ хэхъуэу диІэщ. Банкым мы гъэм хэхъуэу сом зы триллионрэ мелард 300-рэ иІэщ, ар щыхьэт тохъуэ финанс лъэныкъуэм зэрызиужьыам. Упрахуэхэр зэрызэхъуэр илъэсым и кІэм ирихьэлІэу процент 1,5-рэ хъунущ. Ауэ абы кІиІыркъым цІыхухэм я хэхъуэр нэхъыбэ хъуэуэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зыкрычэтІащІэхэр мы гъэм гугъуехь зэрыхэхуам кІыихэкІы, цІыхухэм я хэхъуэр процентым 3-кІэ кІэрыхуэуэ жыпІэ хъунущ.

Къэрал Іэтащхьэм жиІахэм кІыихэщащ лэжьапІэнэшхэм я бжыгъэр илъэсым и пэщІэдзэм проценти 4,7-рэ хъуэу щытамэ, иджы проценти 6,3-м зэрынэсар, ар илъэс кІакІуэ ягъэзэкІуэжыну зэрамурадыр, Урысейм и бюджетым и процент 70-р щІыдагъэм кІыит хэхъуэм зэремыпхар, щыдагъэмрэ газымрэ дяпэкІэ куэд елъытауэ зэрыщымытынур, къэралым тель щІыхуэм доллар меларди 10 зэрыхэщІар, нэгъуэщІхэри.

ДызыхуэкІуэ илъэсым екІуэкІыну хэхыныгъэхэм нэгъуэщІ къэралхэр къыхэІэбэнкІэ зэрыхъунум щытепсэльыхьым, Президентым жиІащ Урысейм исхэр хэту, я фІэщ хъууэ, къырикІуэнум пщІэ хуащІу хэхыныгъэр екІуэкІыным езым и дежкІэ зэрынэхъыщхьэр. США-м и щекІуэкІа президент хэхыныгъэхэм Урысейм и Іуэху зэрыхимыхуэр, абы теухуауэ ягъэхъыбар псалъэмакъэхэр ди къэралитІыр зыщІызыгъэІеину хуейхэм къагупсыс зэрыарар къыхигъэбелджылыкІащ Путиным. Президентым къыхигъэщащ къэралитІым я зэхуаку дэлъ гугъуехь куэд Байден Джо зэфІагъэу зэрыщыгугъэр, апхуэдэуи жиІащ Трамп Дональд и къэралым Іулыджышхуэ зэрыщиІэр, абы америкэ политикэ гъащІэм хэкІыжыну зэрызимыгъэхьэзырыр.

Украинэмрэ Урысейм я зэхущытыкІэм теухуа упщІэм и жэуапу Путин Владимир жиІащ ар Киев и Іуэху зехьэкІэм куэдкІэ елъытауэ зэрыщытынур, Минск зэгурыІуэныгъэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр дяпэкІэ хэпІыхьэжыныр къызэремызэгъыр, абы дунейпсо законым и къару зэриІэм къыхэкІыж.

2024 гъэм екІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм езыр хэтынрэ зэрыпэщІэтыр иджыри зэрыгушыІэр, ауэ, Конституцэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм пащІэ Іэ зэраІэтам къыхэкІыу, цІыхухэм абыкІэ хуит къызэращІар къыхигъэщащ къэрал Іэтащхьэм. Къэрал унафэщІхэм я зэхущытыкІэм щытепсэльыхьым Урысейм и Президентым жиІащ лІыщхьэхэр цІыхуфІэщ цІыху Іейкіэ зэрызэхимыгъэкІыр, Урысейм и фейдэ къыпэкІуэну щытмэ, хэти дэлэжьэну зэрыхьэзырыр. Мыбдежым Президентыр къытеувыІащ Тыркум и Унафэщі Эрдоганэ Реджеп Тайипрэ езымрэ я епльыкІэхэр щызэтемыхуэ куэдрэ къызэрыхъум.

Путиным кърата упщІэхэм ящыщ зым жэуап щритым жиІащ Урысейм и къуажэ псомэ газыр еужьэрэкІыу зэрынагъэсыр, 2025 гъэм ирихьэлІэу ар жылэхэм я процент 90-м зэрадъэІэсынур.

Къэрал гъунапкъэхэр щызэІуахьыжнум щІэупщІам жэуап щритыжьым, Президентым жиІащ дохутырхэм я хуитныгъэ къаззэрыІэрыхьэу ар хуит зэрыхъужынур. Путиным зэрыжиІамкІэ, урысей туристхэм хамэ къэралхэм доллар мелард 35-рэ щагъэкІуэд, ар къэралым кІинэжу щытамэ, фейдэ хъарэнэ къыпэкІуэнут. Турист Іэнатіэр ирагъэфІэкІуэным мы гъэм хуэдэхэ мыльку къызэрамыгъэзэбэпыфам къыхэкІыу, ар етІанэгъэ зэрагъэІэпэхуэр къыхьыщІащ Путин Владимир. Сом мелард 15-м щыщу 2020 гъэм къагъэсэбэпыфар сом мелард 1,2-рэщ.

- Нобэ журналистхэм ята упщІэхэм къыхэщащ дяпэкІэ иджыри унагъуэхэм, сабийхэм къэралыр зэрадІэпыкъуну щыкІэр зыхуэдэм зэрыригузавэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мы гъэм Илъэсыщ Іэм епха махуэшхуэхэр, зэхуэсхэр, гуфІэгъуэ зэІущІэхэр екІуэкІынукъым, псей гъэщІэрэщІам дежкІыкІуэр щагъэгуфІэнукъым. Абы къыхэкІыу, УФ-м и Правительствэм сенэнджащри, унафэ сщІащ, илъэси 7 ныбжьым нэс сабийхэм илъэсыщІэ саугъэт яхуэтщІыну - сом мин тхурытху еттыну, - жиІащ Путин Владимир.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№151 (24.121) ● 2020 гъэм дыгъэгъаз эм (декабрым) и 19, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр сом 15-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Адыгэ макъ · Черкес хэку · JINEPS · Лъэпкъ газетхэм я къыдэкІыгъуэ зэхэт 127

●Урысей гвардие

ЩІыналъэм Іэщэу щыІэр къэзылъытэ центрыр къызэІуахыж

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Лицензэхэр, Іэщэ зэрахьэну хуит зыщІ дэфтэрхэр щату Налшык къалэм щыІэ центр къагъэщІэрэщІэжар къызэрызэІуахьыжьым теухуа зэхьэхьэм.

ЗэІущІэр видеоконференц мардэм тету къызэІуихащ УФ-м и Лъэпкъ гвардием и федеральнэ къулыкъущІапІэм и дзэхэм я унафэщІ - УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я унафэщІ нэхъыщхьэ, армэм и генерал **Золотов Виктор**. Центрыр къыщызэІуахьыжьым хэтащ Урысей гвардием и унафэщІым и къуэдзэ, полицэм и генерал-полковник **Лебедев Сергей**, Къэрал кІэлъыплъыныгъэмрэ лицензэ-хуит зэращІ лэжьыгъэмкІэ управленэм нэхъыщхьэм и унафэщІ, полицэм и генерал-лейтенант **Маликов Анатолий**, УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэу Кавказ Ищхъэрэ округым щыІэхэм я унафэщІ, генерал-лейтенант **Гетманов Игорь**, УФ-м и Лъэпкъ гвардием и федеральнэ къулыкъущІапІэм КъБР-м щиІэ управленэм и Іэтащхьэ **Васильев Сергей**, КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъэншагъэмкІэ и советым и секретарь **Тату Казбек**, КъБР-м щыІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм и унафэщІ **Ахъуэхъу Таймураз**.

Урысей гвардием и унафэщІым КІуэкІуэ Казбек фІыщІэ къыхуищІащ быдэу зэпыщІауэ зэрылажьэм папщІэ икІи щІыналъэм Іэщэ щызэблигъэкІыным хуэунэтІа Іуэхуэхэр тэмэму зэтеуэхуауэ щытыныжьмкІэ щІэупщІэ хуэунэтІа Іуэхуэхэр зэрыхъунум шэч къызэрытримыхьэри къыхигъэщащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбеки** Урысей гвардием и унафэщІэм фІыщІэ яхуищІащ республикэм щыпсэухэм я нэІэ къаззэрытетым щхьэкІэ, апхуэдэуи къыхигъэщащ центрыщІэр Іэщэхэр къэпІытэным зэрыхуэщхьэпэнур, унэр зэрырагъэфІэкІуар республикэм щыпсэухэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэр егъэфІэкІуэным сабэп зэрыхуэхъунур.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Зэпеуэхэр

Налшык Урысейм и къалэ нэхъыфІищым хабжэ

«Урысейм и къалэ нэхъыфІу цІыхубзм къалъытэр» фІэщыгъэр зиІэ Урысейпсо зэпеуэм ипкъ итклэ пещэ онлайн-Іэлэтым. Зэпеуэм къыщыхахынущ щыналъэм и къалащхьэ нэхъ дахэр, адрейхэм фІыкІэ къахэщыр, зи дамыгъэхэр зиІэжыр.

ЗЭКІЭ наІуэ къызэрэхъуамкІэ, Къзбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр ещанэ увыпІэм щытщ. «Урысейм и къалэ нэхъыфІу цІыхубзм къалъытэр» проектыр хуэунэтІащ зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ тхыдэ, щэнхабзэ хуэгъэзэфІэгъуэхэмкІэ къуулей къалэхэр наІуэ къэщІынри.

Мы гъэм зэпеуэм хэтщ къэралым и къалэ 83-рэ. Абы бжьыпэр щызыбудар дыгъэгъаазэм и 31-м сыхьэт 15-м наІуэ къэхъуну аращ.

ДЖАТЭ Къантемыр.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2020 гъэм дыгъэгъаазэм и 24-м зэхэтынущ.

Зэ Іущ Іэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

ДАХ-р ипэкІэ маплъэ

● Лъэпкъ Іуэху

Дыгъэгъаазэм и 18-м ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэм я зи чэзу зэхьэхьэ Интернеткіэ (Zoom Іэмалкіэ) ирагъэкІуэкІащ.

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** ар къыщыІэзІуихым, дунейр зэщІэзыщта узыфэм и зэрыгушІэ зэІумыщІэфамэ, дэтхэнэри узым щихъумэну, пэлъэщыну захуигъэзащ.

Къзбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ЬхьэфІыцІэ Мухьэмэд** тепсэлъыхьащ гъэ дзэзэрытым езыр зи унафэщІ жылагъуэ зэгуэхьэныгъэм илэжьа Іуэхуфіхэмра хуэзэфІэкІахэмрэ. Абыхэм ящыщщ - лъэпкъым къыхэкІа цІыху цІэрыІуэхэм ятеухуа хъыбар кІэщІ щызэхуэхьэсауэ иджыблагъэ дунейм къытехьа Адыгэ махуэгъэпсыр, мыгувэу стІолыщхьэ махуэгъэпсри урысыбзэкІи хьэзыр зэрыхъур. Апхуэдэуи, Хьэфыщіэр зи унафэщІ хасэм и фІыгъэкІэ тхылъыщІэ зыбжанэ лъэпкъым къыхэхъуащ. Хьэбэрдей Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщІэ илъэс 30 щІигъуэм ирихьэлІэу, 2020 гъэм «Хэкум и фІыщІэ» (дыжьын, гъуаплъэ) медалэр агъэхьэзыращ. КъАХ-м и тхьэмадэм жиІащ япэ дыдэу а тыгъэ лъапІэр лъэпкъ Іуэхум хуэжьыдэр, абы илъэс куэд щІауэ хуэлажьэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэрыхуагъэфащэр. Апхуэдэуи, КъАХ-м и медалхэр иратынущ Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі э хуэдэ зэхьэныгъэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ министр **КІуарашын Анзор**, ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ **Щоджэн Іэминат**, КъАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ **НэщІэпыджэ Замирэ**, ДАХ-м и Гъэзэщ Іакіуэ гупым хэт **Табыщ Мурат**, КъАХ-м жэуап зыхь и секретарь **Щомахуэ Залинэ** сымэ.

Хасащхьэм и зэІущІэм къыщыщІэщІакъуэжащ ДАХ-м и комитетхэм 2020 гъэм ялэжьамрэ ахуэзфІэкІамрэ, хамэ хэкуэ ди лъэпкъэгъуэм и урысыбзэкІэ адыгэбзэрэ егъэщІэныжмкІэ Іуэхур зэрыкІуатэм щагъэзгъэзащ ахэр. Советым хэтхэр хэпІащ 2021 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэр зэрылэжьэну планым, XIII конгрессыр щрагъэкІуэкІынумрэ зэрыграгъэкІуэкІынумрэ, нэгъуэщІ куэдми.

ЗэІущІэм и кІэухым Сэхъурокъуэ Хьэутий абы хэтахэм къэблагъэ илъэсыщІэмкІэ екъуэхъури, мамырыгъэ, узыншагъэ, зэгурыІуэ къэралхэм, унагъуэхэм ильыну яхуэпсащ.

ДАХ-м и Хасащхьэм и зэІущІэм теухуа тхылъэ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм я зым фыкъыщыдэжа хъунущ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуей?

ПщІэ зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэхэ!

2020 гъэм дыгъэгъаазэм и 28-м еух 2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.

ИЛЪЭС 96-рэ хъуэуэ ди анэдэлъхубзэкІэ КъБР-м къыщыдэкІ газет закъуэм - «Адыгэ псалъэм» ныбжьэгъуэр и куэду къэкІуэкІ. Ныбжьэгъу щІикуэдри цІыхухэр дзэзыхьх, яфІэгъэщІэгъуэн, гупсэхугъуэ къезыт тхыгъэхэр абы и напэкІуэцІхэм къызэрытехуэрэщ.

«ФифІ фымыгъэпуд, фи Іей фымыгъэпщкІу» къыхуеджэныгъэр гуаззэу зиІэ газетым пІэнкъым и бын пажэхэр республикэм хамэ зэкъралхэм цІэрыІуэ щызыщідзеипхьэхэри щІиуфэрхкъым, цІыхухэм я гуныкъуэгъуэхэри гуГъуэтэнщэ ищІыркъым.

Илъэсыщ Іэм «Адыгэ псалъэм» къытехуэну тхыгъэхэм, я лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэу щытыныхэм я гугъу пщІымэ, щІэджыкІакІуэхэм фІыуэ ялъэгъуа «Си бзэ - си псэ, си дуней», «ЩІалэгъуэ», «Адыгэ хабзэ», «Си еджапІэ - си къежьапІэ», «Махуэку», «Узыншагъэ», «Шыхулъагъуэ», «ЦІыкІураш», «Илъамым и нур», «Мальхъдис», «ІуэрыІуатэ - дышэ пхъынтэ» напэкІуэцІхэр адэкІи къыдагъэкІынущ.

Апхуэдэуи, газетыр зыІэрыхьэжэм гунэс ящыхъун тхыгъэ щІэщыгъуэ я пащхьэ иралъхьэнущ «Абы дегъэпІейтей», «Тхыдэм и лъагъуэхэмкІэ», «Адыгэпщ ЦІэрыІуэхэр», «Сытхэр уи псэукІэ, къуажэ?», «Іуэху еплъыкІэ», «УпщІэ - жэуап», «Іэщ Іагъэлым и чэнджэщ», «Макъыщ Іэ», «Джыжьэ - гъунэгу» рубрикэхэм щІэту.

«Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кІэпІейкІэ 76-рэщ.

Индексыр П 5894.

Дохутырым и псалъэ къаруушхуэ зиIэр

КъБР

Узыпэрыт Iэщlагъэр псэм къыдыхьэмэ, уи лэжьыгъэм гупсэхугъуи къуитынщ, абы екъулIэныгъи ущиIэнущ. Ар щынэрылъагъущ республикэм и Сабий клиникэ сымаджэщым и пульмонологие къудамэм и дохутыр Щомахуэ Каринэ и деж. Куэдым щалхъэ яхуэхъуфыи IэщlагъэлIщ ар: хьэрщэн зэпIэзэрыт зиIэ а бзылъхугъэр и Iззагъкlи и цIыхугъэкlи дагъэнэщщ жьсIэми, егъэлейуэ къыщIэкlынукъым. Щомахуэр зыхэт гупым и зэфIэкlкIр къыщалъхьэ, игъэхъужа сабийхэм я адэ-анэхэм я фIыщIэ псалъэхэм сымаджэщым интернетым щиIэ напэкlуэкlуэщхэм щIэх-щIэхьурэ ущрохьлIэ. Аракъэ-тIэ Iэщlагъэлl нэсыр къызэралъытэ пщалъэ нэхъыщхьэхэр?!

Натlэм къритхам уфIэкlынукъым

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэр кIуяха нэужь, Щомахуэ Каринэ КъБКъУ-м и медицинэ колледжым щIэтIысхьащ.

- Iэщlагъэр къыхэхьыни гугъу сыдэхьаруэ схужыIэнукъым, медицинэм си гъащIэр зэрыпысщIэнур сызэрыщIыкIурэ сэркIэ хьэкът, - жеIэ Каринэ. - КъБКъУ-м и медицинэ факультетым сыщеджэну сыщIэхъуэпсми, бюджет тIысыпIэр зэрымащIэм къыхэкIыу, колледжым сыщIэхъуэну Iэмал нэхъыбэ сызэриIэр къэслыпэрэ, абы сыкъытеуыIат. Фельдшер Iэщlагъэм ильэсиплIкI сыхуеджауэ, колледжыр къыщыдухым абы и студент нэхъыфIхэр КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щlагъэтIысхьэну программэ щхьэхуэ къыхалъхьати, сытегушхуэри, сэри зыхеэсгъэтхащ. Арщхьэкlэ, сыпхыкlакъым, си тхылъхэр къызэтыкIри лэжьапIэ пльхъуэн щIэздзащ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, шыцIыхьэуIу мазэм и кIэхэм, КъБКъУ-м и проректору а зэманым щыта Къэжэр Артур ди унэ телефоным нэпсальэри: «Университетым и медицинэ факультетым уэзэрыщIэтIысхьамкIэ сынохъуэхъу! Пщэдей фIэкI плалъэ имыIэу уи тхылъэр къытIэрыгъэхьэж», - къызжеIэ. А псалъэхуитым сэ зыуэ «сагъэкIэрэхъуати», си дунейм зэуэ зихъэжат. Нобэми къызгурыIуэфхьми си тхылъымпIэ кIапэ щIэмыIуэ КъБКъУ-м сызэрыщIэтIысхьар, абыхэм сыкъызэрагъэта щIыкIэр. Арагъэнщ натIэм къритхам уфIэкIынукъым, щIыжаIэр.

Интернатурэр Сабий узыфэхэр, акушерствэмрэ гинекологиемкIэ кафедрэм, ординатурэр республикэм и Сабий клиникэ сымаджэщым лэжьэн щыщIидзащ. ИтIанэ Каринэ ирагъэблагъэ Налшык къалэ дэт поликлиникэ №1-м. Зыкъомрэ лэжьыгъитIри здихьу къекIуэкIауэ, 2018 гъэм и щIэныгъэм адэкIи хигъэхъуну мурад ещI икIи сабий пульмонологием хуоджэ. Нэгъабэ лъандэрэ КъБР-м и Сабий клиникэ сымаджэщым и пульмонологие къудамэм щыIэщ.

Зэи хущIегъуэжакъым

Медицинэм и унэтIныгъэхэм ящыщу педиатриер къыщыхихым, шэч гуэрхэр ищIыу чэнджэщакъи, Каринэ и Iэщlагъэр абы зэрыригъахьэм хущIегъуэжакъым. Сабийхэр фIыуэ илъагъурт, зыпэрыкъа Iуэхум дихьэхыри, екъулIэу и лэжьыгъэр иретгъажьэ.

- Педиатрым и лэжьыгъэр адрей дохутырхэм ейм къызэрыщыхьащIкIыр гугъуагъ-тыншагъкъым, медицинэм жэуаплныгъэшхуэ зыпымыдыI Iэнатlэ иIэкъыми, - къыпещэ псалъэмакъым Щомахуэм. - ГъащIэр зи нэм щIэз сабийхэм уаззэрыхэтым гукъыдэж къыует, гъэщIэгъуэн куэдым гу лъыуагъэта а цIыкIуэм. ЖыпIэнурамэ, педиатриер хьэлэмэт куэд къыщекIуэкI сабий дунейм махуэ къэс «щохьэщIэ». Абы къыдэкIуэи, уи гур хощ сабий сымаджэр щыплъагъукIэ. Зы педиатри щIэжьым сабийми и узыр псэкIэ димыгугъэщу, димыгъэву.

Сабийхэм дохутырхэр дакъызэрыщыхъури зэхуэдэкъым. Нэхъыбэр халат хужь зыщыгIэжьм ящоцышэ. Ауэ сэ абы и лъэныкъуэкIэ зэи хуейщ. Педиатрым и лэжьыгъэр, сабийм ирихьэлIэ къыдэржи хьунущ адэ-анэм ар къыддамыIыгъмэ, яжетIэр ямыгъэзащIэмэ.

Фым дыхуоплъэ

Къыхиха Iэщlагъэм хуэпэжу цIыхум сэбэп зэрахуэхъунум сытым дежи хущIокъу Щомахуэ Каринэ. Коронавирус узыфэм дуней псор щигъэгъуазэ лъэхъэнэ хьэпсэм ар яхьихьащ абы пэщIэтхэм. Нобэ ар республикэм и Сабий клиникэ сымаджэщым узыфэ зэрыщIалъэ шынагъуэм щеIэзэу щыIэ госпиталым и къудамэм щIэныгъэ зэрыщIалъэ ильэс щIыкIуэхр, ягу пымыкIми, саугъэту къысхуахьырт. Дауэ къеIысхьнт?! А хьэпшыпхэр я деж щысхуахъумэну яжесIэурэ естыжырт. Апхуэдэжэм деж ахэр зыкIэ гуфIэрти! Сабийхэр дохутырэм къызэрыщышынэм хуэдизкIи дафIэгъэщIагъэнщ. Ар сощIэри, япэщIыкIэ си Iэмэпсымэхэр зэпызоIэлпIыхьх, абы ущышынэн зэрыхуэмейр къэгурызоIалъэ, хуэмурэ быслъэрэкIри хуэсщ, уэрэд, тауихъ щIыкIуэхр къызжаIэу щIадзэ. АдэкIэ «ныбжьэгъу» дызэхуохъури, тыншу дызэгуроIуэ.

Ди лэжьыгъэр гугъу тщызыщIкъэ ящыщщ языныкъуэ адэ-анэхэр. Ди деж мыигъазэу зыри къызэрымыкIуалIэр дощIэ, ди зэфIэкI зихуэдэныщIи яхэтхкъым, ауэ дэ сымаджэу диIэр хыфIэддзэгъ зым и сабийм зэманэ диIэр зэрыгъэдмыгъэкIуэдэфынур къызгурымыIуэ щыIэщ. Сыт хуэдэ къулыкъу, мылъку, цIэ лъапIэ ямыIэми, сымаджэщ бжьщхьэлъ жьбэкъуэ псори сэркIэ зэхуэдэщ, зыхьэгъэж сымыщIыуи дэтхэнэми дэIепыкъуэгъу сыхуэхъунущ. Куэдрэ къохъу апхуэдэхэм ди къаурри зэманри щытфIахь. Адэ-анэхэм дзяхь къытхуащIынхуейщ.

Насыпым и зы пщалъэ

- Къыхэсха Iэщlагъэм и мыхьэнэр къызгурымыIуащэу сабий хуэпсапIэу кIьжьаки, сыхуеджэн щIэздза нэужь хьэпсэ сщIэхъуащ абы сыкъызэрыхуигъэщIар, си гум, си псэм къыдыхьэн лэжьыгъэ къызэрыхэсхар. ФIыуэ плъагъу Iэнатlэ упэрытынщ насыпым и зы пщалъэщ, - пещэ Каринэ, зыпэрыт Iэщlагъэм и гъащIэм щиубыд увыпIэм дыщIыдзупщIэм. - Си гупсэр абы теухуа нэужь, си мурадым сызэрыхуэкIуэным сихуущIэкъуащ, школым сызэрыщIэсрэ медицинэм теухуа тхылъыщIэ къыспэщIэхуамэ, нэхъуеиншэу щIэзджыкIырт. Си дежкIэ ар си щIакъуэ Iыхьэр къызэрызлэжь Iэнатlэ щхьэкIэ мыпкъыр япэ щигъэщам, лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэми зихуэжьнущ, къуит псэкупсэ зэпIэзэрытыныгъэр кIуэщIынущ. Мы Iэнатlэм щытыкIэ зэмылIэужьыгъуэм, сымаджэхэм даззрыхэтым теухуауэ ди щIэныгъэм хэдгъэхъуащ. Пэжым ухуеймэ, узыфэм икъукIэ дегъэгъазэ, гур хэзыгъэщIыр иджыпсту къекIуэкIыр. Дызыхэт сымаджэхэм саплъэхъу, ахэр узынэу я унагъуэхэм яхэтIысхьэжыну сахуохъуапсэ. Зы махуэм нэхърэ адрейм гъащIэм хуаIэ гугъэр зыухьижжэ я нэмущIэплъэнырэ тыншкъым. Дохутырхэм тхуэзэфIэкIыр сымаджэхэм яхуодощIэ, ауэ ди Iззэгъуэр зыпэмылъэщ щыIэщ. Псом япэрауэ, езы цIыхухэр зыхуэсщIыжьыхьи хуейщ, къыхэнэIуэ хабзэхэр ягъэзащIэмэ, шэч хэпхьыкIи, сымаджэр нэхъ мащIэ зэрыхъунум. Медицинэ нэкIуIулъхьэм Iэнатlэ теухуа псалъэмакъ куэд зэрыщIэм щхьэкIэ къыхэзгъэщу жысIэну сыхуейт ар къыфхуэмышщхьэпэмэ, зэран къыхэзгъэрыфхуэмыхьунур. Иджыпсту щытыкIэр хьэлъэми, фIыщи, тхъэм жиIэмэ, абыи дыкъыкIынщи, дызэса псэукIэ зэпIэзэрытыр дунейм щызэтеувэжынщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым COVID-19-м пэщIэтыфэ вакцинэу 750-м щIигъу къыIэрыхьащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпащэ коронавирус узыфэ зэрыщIалъэм ущызыхъумэ мастэр щыхуэхэм яхэльхьэным теухуа Iэхуэхэм. А лэжьыгъэм дыгъэгъазэм и 11-м щыщIадзащ ди деж. КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, нобэм ирихьэлIэу щIыналъэм къыIэрыхьащ «Гам-КОВИД-вак» вакцинэ лIэужыгъуэм хуэдэу 750-м щIигъу.

2020 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м ирихьэлIэу мастэр щIыхуэ 182-м халъхьащ, абыхэм ящыщу етIуанэу ар халъащ щIыху 40-м. Мастэр зэмызэгъа, абы игъэгуэзащхьэуа яхэткъым зыхалъхьэм. Дызэрыт тхьэмахуэм и кIэ пщIондэ иджырэ щIыху 80-м ирахьэлIэнущ хущхъуэр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм кьепхэ Iэхуэщ Iапlэ псоми, КъБР-м щыIэ Урысей гвардием, ФКУС МСЧ №7-м, КъБР-м щыIэ ФСИН-м, КъБР-м Щыхуэхэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэкъкIэ и министерствэм, республикэм Лэжьыгъэмрэ щIыхуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжьныкIэ и министерствэм зрагъэтхащ, мастэр зыхеГъэхьэн Iэхуэм хэтыну, ар я лэжьакIуэхэм ирагъэхьэлIэну хуейуэ. Мастэр япэу зыхалъхьэну гупхэм хагъэхьащ медицинэ, социальнэ, хабзэхъумэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр.

«Гам-КОВИД-вак»-р пкъыгъуитIу зэхэль, зы цIыхум тIэунейрэ хэлъхьэн хуей хущхъуэгъуэщ. Ар ящIащ «Гамалей Н. Ф. и цIэр зезыхьэ НИЦЭМ» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапсэмрэ Урысейм ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и «48-й ЦНИИ» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапсэмрэ я щIэныгъэлIэм. Аращ коронавирусым пэщIэтыфу дунейм япэу щатха мастэр. Абы сэбэпныгъэ Iуэху цIыхум къыхуихьымрэ ар шынагъэншэу зэрыщытымрэ клиникэ Iэмалхэмкlэ къэхутащ. «Спутник V» вакцинэр хурагъэзащ къэкIуэнхэр Iуу УФ-м зыкъыхуагъэзащ къэрал 50-м щIигъуэм.

ЛIЫХЪУГУ Динэ.

Гугъэ къыпхэзылъхьэжыф

Iэрэмысэ Замирэ

Зыпэрыт Iуэхум фIы дыдэу екъулIэу, зыхэт гупым я деж и пщIэр щылъагэу, сымаджэхэр къыхуэарэзыуэ илъэс 30-м щIигъуэу медицинэ Iэнатlэм пэрытщ, Iэрэмысэ Замирэ. А бзылъхугъэм и лэжьэкIэм, и Iуэху бгъэдыхьэкIэм щыгъуазэ ухуэхъуа нэужь, наIуэ мэхъу абы и Iэщlагъэр гукIи псэкIи къызэрыхихар. НэгъуэщI лэжьыгъэ иIэнкIэ хъуну ар зэи егупсыса-къым икIи курыт еджапIэр къызэриухыну Налшык къалэ дэт медицинэ училищэм медсестрахэр щагъэхьазыр и къудамэм щIэтIысхьащ. Егупсысауэ Iэщlагъэр къыхэзыха Iэрэмысэр еджэнми къарзынэу хэзгъащ, къыжраIэр, зыхуагъасэ псори фIэхьэлэмэту, нэхъыбэ къызэрищIэнум хущIэкъуу а илъэсхэр игъэкIуащ.

ЕДЖапIэ нэужьым ар щылэжьащ Аруан щIыналъэ сымаджэщым урологиемкIэ, неврологиемкIэ и къудамэхэм, Арцидан дэт поликлиникэм. Иужьрей илъэсхэм Замирэ ЩIыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэзэ сымаджэщым Лэскэн районым щIиIэ и къудамэм медсестра нэхъыжьку щыIэщ.

Пандемиемэ щытыкIэ хьэлъэм дызэригъэувэрэр дохутырхэм яхъ жэуаплныгъэми хэхуащ, я лэжьыгъэри куэдкIэ нэхъ гугъу хъуащ. Апхуэдэ къалэн мытынышу зи пщэ къыдэхуахэм яхэтщ Iэрэмысэр. Анзорей кIуажэм дэт сымаджэщым узыфэ зэрыщIалъэ щынагъуэжьми щIэзэу къыщыIэлъхьа Госпиталым япэ махуэхэм щегъэжьауэ щыIэщ Замирэ. Медсестра нэхъыжьым къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр иIэщ, Iэнатlэм лэжьыгъэр нэгъэсауэ къыщыдзэгъэпэщыныр куэдкIэ абы елытатщ. Нобэр къыздэсым адыгэ бзылъхугъэр и къалэным щемыхъулIа къэхуакъым, езыр цIыху гумызагъэщи, зи ужь ит Iуэхур тэмэму зыфIфымыгъэкIуэу етIысхэнукъым.

Узыфэ зэрыщIалъэм апхуэдизкIэ псынщIэу зеубгъэри, сымаджэхэм я бжыгъэр махуэ къэс нэхъыбэ мэхъу. Шэч хэмылъуи, медицинэ лэжьакIуэхэм я къалэнми къыхохъуэ. Дохутырым сымаджэм и щытыкIэр къипщытэрэ, ирахьэлIэну хущхъуэр къигъэльэгъуа нэужь, абы жаIар зэрагъэзащIэр, къудамэм щекIуэкI лэжьыгъэр къэзэпщытэр медсестра нэхъыжьыгу. Замирэ и унафэм щIэт медсестрахэми сымаджэхэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуегъуэтыфу. И лэжьыгъуэхэм ар щапхъэ яхуохъу, ямышIэр яжриIэу, чэнджэщгъэ яхуэхьуу гупым яхэтщ. Сымаджэм и гукъеуэр зыхищIэрэ псалъэ гуапэкIэ игъэгушхуэу апхуэдэщ. КIыщыIэнэмыщIауэ, Iэрэмысэр епсэлъэн хуей мэхъу сымаджэхэм я благъэхэми. Сыт хуэдизу емышами, лэжьыгъэр хуэзэрримыхьами, абы телефонкIэ зыкъыпызыщIэхэр жэуапыншэу къыщигъэна къэхуакъым, шыIэныгъэшхуэ хэлъу дэтхэнэми сымаджэм и Iуэхур зыIутыр зыихэхуэ яжреIэ.

«Iэрэмысэр зи Iэщlагъэм фIыуэ хэзыщIыкIщ. ЦIыху гуакIуэщ икIи гуапэщ, гулъытэ зиIэщ, гущIэгъу зыхэлъщ. Абы хуэдэхэрщ, медицинэм щылэжьэн хуейр. Ди гукъеуэ ет-хьэлIауэ абы дыщыдзыхимышыщыкIи къэхуакъым, хуэзфIэкIымкIэ дэIепыкъуэгъу къытхуэхуащ. Хуабагъэ гуэр къыпкъырыкIри и псалъэ дахэхэмкIэ гугъэ къыпхэзылъхьэжьф бзылъхугъэщ ар», - жаIэ Замирэ щылажьэ сымаджэщым щIэлъэхэм ящыщ куэдым. Медицинэ лэжьакIуэм и дежкIэ апхуэдэ псалъэхэр куэд и уасэщ. Абы къегъэльагъуэ ар зыпэрыт Iэщlагъэм зэхэзыхыгъэщIэри зэрхьэрыIэри.

ГУIЭТЫК Залинэ.

Дохутырым и псалъэ къаруушхуэ зиIэр

Щомахуэ Каринэ

гугъу сехьакъым. А цIыкIуэмэрэ сэрэ тыншу дызэгуроIуэ. Поликлиникэм сыщыщылажьэм, сабий сыкъэзыцIыхуахэр гуфIэжу къыщIыхьэрт. Уеблэмэ, нэхъыфI дыдэу ялъагъу зэрыджэгу зыхэпшыщ цIыкIухэр, ягу пымыкIми, саугъэту къысхуахьырт. Дауэ къеIысхьнт?! А хьэпшыпхэр я деж щысхуахъумэну яжесIэурэ естыжырт. Апхуэдэжэм деж ахэр зыкIэ гуфIэрти! Сабийхэр дохутырэм къызэрыщышынэм хуэдизкIи дафIэгъэщIагъэнщ. Ар сощIэри, япэщIыкIэ си Iэмэпсымэхэр зэпызоIэлпIыхьх, абы ущышынэн зэрыхуэмейр къэгурызоIалъэ, хуэмурэ быслъэрэкIри хуэсщ, таурыхъ щIыкIуэхр къыжаIэу щIадзэ. АдэкIэ «ныбжьэгъу» дызэхуохъури, тыншу дызэгуроIуэ.

Ди лэжьыгъэр гугъу тщызыщIкъэ ящыщщ языныкъуэ адэ-анэхэр. Ди деж мыигъазэу зыри къызэрымыкIуалIэр дощIэ, ди зэфIэкI зихуэдэныщIи яхэткъым, ауэ дэ сымаджэу диIэр хыфIэддзэгъ зым и сабийм зэманэ диIэр зэрыгъэдмыгъэкIуэдэфынур къызгурымыIуэ щыIэщ. Сыт хуэдэ къулыкъу, мылъку, цIэ лъапIэ ямыIэми, сымаджэщ бжьщхьэлъ жьбэкъуэ псори сэркIэ зэхуэдэщ, зыхьэгъэж сымыщIыуи дэтхэнэми дэIепыкъуэгъу сыхуэхъунущ. Куэдрэ къохъу апхуэдэхэм ди къаурри зэманри щытфIахь. Адэ-анэхэм дзяхь къытхуащIынхуейщ. Педиатрым и лэжьыгъэр, сабийм ирихьэлIэ къыдэржи хьунущ адэ-анэхэм ар къыддамыIыгъмэ, яжетIэр ямыгъэзащIэмэ.

Фым дыхуоплъэ

Къыхиха Iэщlагъэм хуэпэжу цIыхум сэбэп зэрахуэхъунум сытым дежи хущIокъу Щомахуэ Каринэ. Коронавирус узыфэм дуней псор щигъэгъуазэ лъэхъэнэ хьэпсэм ар яхьихьащ абы пэщIэтхэм. Нобэ ар республикэм и Сабий клиникэ сымаджэщым узыфэ зэрыщIалъэ шынагъуэм щеIэзэу щыIэ госпиталым и къудамэм щIэныгъэ зэрыщIалъэ ильэс щIыкIуэхр, ягу пымыкIми, саугъэту къысхуахьырт. Дауэ къеIысхьнт?! А хьэпшыпхэр я деж щысхуахъумэну яжесIэурэ естыжырт. Апхуэдэжэм деж ахэр зыкIэ гуфIэрти! Сабийхэр дохутырэм къызэрыщышынэм хуэдизкIи дафIэгъэщIагъэнщ. Ар сощIэри, япэщIыкIэ си Iэмэпсымэхэр зэпызоIэлпIыхьх, абы ущышынэн зэрыхуэмейр къэгурызоIалъэ, хуэмурэ быслъэрэкIри хуэсщ, таурыхъ щIыкIуэхр къыжаIэу щIадзэ. АдэкIэ «ныбжьэгъу» дызэхуохъури, тыншу дызэгуроIуэ.

Ди лэжьыгъэр гугъу тщызыщIкъэ ящыщщ языныкъуэ адэ-анэхэр. Ди деж мыигъазэу зыри къызэрымыкIуалIэр дощIэ, ди зэфIэкI зихуэдэныщIи яхэткъым, ауэ дэ сымаджэу диIэр хыфIэддзэгъ зым и сабийм зэманэ диIэр зэрыгъэдмыгъэкIуэдэфынур къызгурымыIуэ щыIэщ. Сыт хуэдэ къулыкъу, мылъку, цIэ лъапIэ ямыIэми, сымаджэщ бжьщхьэлъ жьбэкъуэ псори сэркIэ зэхуэдэщ, зыхьэгъэж сымыщIыуи дэтхэнэми дэIепыкъуэгъу сыхуэхъунущ. Куэдрэ къохъу апхуэдэхэм ди къаурри зэманри щытфIахь. Адэ-анэхэм дзяхь къытхуащIынхуейщ.

Ди сымаджэщым госпиталь къыщыщIэзIуэхым, си лэжьыгъэ куэдым куэдэу, сэри абы сыщылэжьэну жэрдэм сыщIэтащ. Дыщыдгъэзэ Iэхум Щомахуэм. - Лэжьыгъэм дыпэрыхьэн ипэ, узыр зищIысым, абы дыззэрIэззэну Iэмал зэмылIужьыгъуэхэм, сымаджэхэм даззрыхэтым теухуауэ ди щIэныгъэм хэдгъэхъуащ. Пэжым ухуеймэ, узыфэм икъукIэ дегъэгъазэ, гур хэзыгъэщIыр иджыпсту къекIуэкIыр. Дызыхэт сымаджэхэм саплъэхъу, ахэр узынэу я унагъуэхэм яхэтIысхьэжыну сахуохъуапсэ. Зы махуэм нэхърэ адрейм гъащIэм хуаIэ гугъэр зыухьижжэ я нэмущIэплъэнырэ тыншкъым. Дохутырхэм тхуэзэфIэкIыр сымаджэхэм яхуодощIэ, ауэ ди Iззэгъуэр зыпэмылъэщ щыIэщ. Псом япэрауэ, езы цIыхухэр зыхуэсщIыжьыхьи хуейщ, къыхэнэIуэ хабзэхэр ягъэзащIэмэ, шэч хэпхьыкIи, сымаджэр нэхъ мащIэ зэрыхъунум. Медицинэ нэкIуIулъхьэм Iэнатlэ теухуа псалъэмакъ куэд зэрыщIэм щхьэкIэ къыхэзгъэщу жысIэну сыхуейт ар къыфхуэмышщхьэпэмэ, зэран къыхэзгъэрыфхуэмыхьунур. Иджыпсту щытыкIэр хьэлъэми, фIыщи, тхъэм жиIэмэ, абыи дыкъыкIынщи, дызэса псэукIэ зэпIэзэрытыр дунейм щызэтеувэжынщ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм къепхэ Iэхуэщ Iапlэ псоми, КъБР-м щыIэ Урысей гвардием, ФКУС МСЧ №7-м, КъБР-м щыIэ ФСИН-м, КъБР-м Щыхуэхэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэкъкlэ и министерствэм, республикэм Лэжьыгъэмрэ щIыхуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжьныкIэ и министерствэм зрагъэтхащ, мастэр зыхеГъэхьэн Iэхуэм хэтыну, ар я лэжьакIуэхэм ирагъэхьэлIэну хуейуэ. Мастэр япэу зыхалъхьэну гупхэм хагъэхьащ медицинэ, социальнэ, хабзэхъумэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр.

«Гам-КОВИД-вак»-р пкъыгъуитIу зэхэль, зы цIыхум тIэунейрэ хэлъхьэн хуей хущхъуэгъуэщ. Ар ящIащ «Гамалей Н. Ф. и цIэр зезыхьэ НИЦЭМ» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапсэмрэ Урысейм Зыхъумэжьныгъэмкlэ и министерствэм и «48-й ЦНИИ» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапсэмрэ я щIэныгъэлIэм. Аращ коронавирусым пэщIэтыфу дунейм япэу щатха мастэр. Абы сэбэпныгъэ Iуэху цIыхум къыхуихьымрэ ар шынагъэншэу зэрыщытымрэ клиникэ Iэмалхэмкlэ къэхутащ. «Спутник V» вакцинэр хурагъэзащ къэкIуэнхэр къыщIэпIэIуу УФ-м зыкъыхуагъэзащ къэрал 50-м щIигъуэм.

ЛIЫХЪУГУ Динэ.

Фи щхьэр зэрыфхъумэным фыхущIэкъу

Абыкъу Инал

Республикэм и медицинэ Iэнатlэм щымащIэкъым щIэныгъэ лъагэ зиIэ, Iэзэгъыншэу зыбгъэдэлъ Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэр. Я пэ ит нэхъыжьыфIкэм я щалхъэкIэ тетрэ я зэфIэкIкIэ абыхэм зэрахуэфащэным хущIэкъуу я лэжьыгъэр ирахьэкI абыхэм. Нобэ ди псэлъэгъу щIалэр - СПИД-мрэ узыфэ зэрыщIалъэхэмрэ защыкъумэнымкIэ, абыхэм япэщIэтынымкIэ республикэ центрым и анестезиолог-реаниматолог Абыкъу Инал - гуэгъфIхэр уэзыгъэщI Iэщlагъэлхэм ящыщщ.

2002 гъэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм хьихь Iтlэкъуэ къуажэм дэт курыт школым кIуихри, Абыкъур КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм щIэтIысхьащ. Иужьрей и щIэныгъэм щыхигъэхьэуэ Владикавказ дэт медицинэ академием иординатурэм. Щыналъэм къигъэзэжа нэужь, лэжьэн щыщIидзащ Дзэлыкъуэ район сымаджэщым, абы къыдэкIуэри сихьэт бжыгъэ хэхакIэ щыIэт Республикэ сабий клиникэ сымаджэщмрэ СПИД-мрэ узыфэ зэрыщIалъэхэмрэ защыкъумэнымкIэ, абыхэм япэщIэтынымкIэ центрымрэ. 2017 гъэм щегъэжьауэ центрым и лэжьыгъэ нэхъыщхьэр щрехьэкI.

- СЫЗЫХУЕДЖЭ Iэщlагъэр зыхуэдэр КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм и 5-нэ курсым сыщIэсу згъэунэхуащ. Абы щыгъуэм медбрату лэжьын щыщIэздзат Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м реаниматэмрэ анестезиологиемкIэ и къудамэм, - жеIэ Инал. - Дохутыр сыхъуну сызэрысабийрэ си хъуэпсапIэт, ауэ сызыпэщIэуна лэжьыгъэр зэрымыгъэгурыIуар. Махуэ къэс жьыуаIэм хуэдэу си нэгум щIэкIырт щIыху гъащIэр къегъэльапIэныжьмкIэ ирагъэкIуэкI бзэнэныгъэр. Сыт хуэдизу гугъу емыхьами, я лэжьыгъэр къехъулIамэ, абы къарит гухэхъуэр я нэгум исльагъэрт сызыдэлажьэхэм. Си псэм гуэзвагъуэ тепIэ щIыхум гугъэ ептыжьныр гугъуехь псомэ я щхьэу къэслъытэри, Iэщlагъэмкlэ сызэрыщыIыуар хьэкъ сщIэхъат. ИкIи сызыхэта гупым хуэдэу, анестезиолог-реаниматологуэ сызэхьэну тезэуващ.

- **Инал, къыхэпхар медицинэм и унэтIныгъэ нэхъ гугъу дыдэхэм хабжэ. Опе-**рацэр зэрекIуэкIынур анестезиологым куэдкIэ елъытащ, сымаджэр тэмэму къызэфIэувэжыныкIэ реаниматологым жуэаплныгъэшхуэ ехь. Абы ипкъ иткIэ апхуэдэ Iэщlагъэлым и къэухьыну щытын хуейщ.

- А Iэщlагъэтlыр зэпхуэу къызэдогъуэгурыкIуэ икIи урилэжьэфын папщIэ медицинэм и унэтIныныгъэ куэдым хэпщIыкIыпхъэщ. ЦIыхум и Iэпкъльэпкъым и зыхэлъыкIэм, абы и щхьэхуэныгъэхэм фIыуэ ущыгъуэзэн хуейщ зэзэрIэззэну щыкIэр, епхъэлIэну хущхъуэм и мардэр зэхэбгъэкIыфын папщIэ. Араущ, медицинэм щIэныгъэхьэхэм зэрызыщыкъэгъуэзэным сытым дежи иужь ситщ, къищынэмыщIауэ, Iэщlагъэлl нэхъыжьхэм я лэжьэкIэм сыкIэпльплъкIэрэ, я жьIэм седаIуэкIэрэ, си зэфIэкIым зэрыхэзгъэхъуэнми сыкущIокъу. Ординатурэм сыщыщIэсам Владикавказ и Республикэ клиникэ сымаджэщми Бесльэн къалэм дэт Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэзэз центрми сыщылэжьащ. Си Iэщlагъэм теухуауэ Осетием куэд я къыщIэкIащ, лэжьыгъэ г

Сымаджэр ылъэ тетэу зычIэкIыжьыкIэ, кIуачIэрэ гухахъорэ къысеты

***Коронавирусыр къызежьагъэм щегъэжьагъэу «лъэныкъо плъыжьым» щыIэу Iофэшыпхэр врачэу тIэр макIэп. Ахэм зэу ащыщ Мыекъопэ къэлэ сымэджэщым (джы ащ госпиталь къыщыхэIуахыгъ) неврологиемкIэ икъутамэ Iут врачэу Къантемыр Хьалимэт. Iудзыгъэ зэхъыныгъэмкIэ ащ бзымыIэу гущыIэгъу тыфэхъугъ, къинигъоу зыпхырыкIыхэрэр, сымаджэхэм язытет, узым зэрэпэшIуекIохэрэр, нэмыкIхэми афэгъэхьыгъэ упчIэхэр врачым фэдгъэзагъэх.**

Къантемыр Хьалимэт

- Коронавирусыр щыналъэу зэрэщытыр пстэуми къыдгурэIо. Хьалимэт, ковид сымаджкэхэм уяIэзэным сыдэущтэу уеуцолIэнэу хъугъэ? Ущынагъэба а лъэбакъыр пшIыным?

- Шъхьпкъэ пIощтмэ, апэ сыщынагъ ыкIи къинигъэ. Адыгеим мы узыр къэси, IофшIапIэхэри, сымаджэщхэри ТхьатхэпэкIэ зэрафашIыгъэх. Сымаджэхэм ящыгъэ хахъоу зеублэм, тэ тиклэпэсымаджэщ госпиталь щашIынэу хъугъэ. Тэ, сымаджэщым Iутхэр, ащ тымыкIощтхэмэ, хэтэ Iофэ щысIыщыгъ? НэмыкI тегущыIэсагъэп, Iашэр ашэтэн, заом зэрэкIощтыгъэхэм фэдэу зэпахырэ узым ирлъэир-стырыгъо тыпэхьаеу. ЖъонытIуакIэм и 14-м къыщегъэжьагъэу непэ къызнэсыгъэм «лъэныкъо плъыжьым» сыщыIэну Iофэ сэшIэ. Ау, сэри коронавирусыр кIыспхьи, тхьамэфитIо сыщысысыгъ.

- Ковид госпиталым иврач имафэ сыдэущтэу рекIокIыра?

- Сымаджэщым икъут пэпчъ бригадэ тIурыпIымэ Iофэ щашIэ. Терапевт, кардиолог, невролог, пульмонолог, нэмыкIхэри бригадэм хэхьэх. Пчэдыжьым Iофышхо тыкъэкIо, сменэр зэIэтэхьжьы, сымаджэхэм якъэбар зэтэгъашIэ. Нэужым зытетфапэшъ, «лъэныкъо плъыжьым» тытехьэ. Ащ сыхьати 4-6-м къыкIоцI тыкъэты: сымаджэхэм ялъыдэкIыае, апкъышъол зэрэплъыкIэр, сатурациер тэшIых. Ахэм ялъытыгъэ Iэзэгъоу арахьылIэрэм зэхъокIынигъэхэр фэтэшIых. Ащ тыкъэшIетекIыжьыкIэ, санитар амалхэмкIэ зытэгъэкъабзэ, тщыгъхэр зэбгрэтэхъуах, «къэбзэ лъэныкъом» тыкъытехьажьы. Сымаджэ къащэмэ, икIэрыкIэу зытэфэпэжьы. Джарэущтэу мафэр макIоштэ, пчыхьэ къэплъыхьаныр етэгъажьэ. Сымаджэхэм врачэхэмэ зэрафашIыгъэхэр.

- Хьалимэт, шъуащэу шъущыгъыхэм ягугъу къыззрегъэжьагъэзэ, кьепхьакIынхэкIэ хьылъэмэ я къытаIоба.

- СИЗ-хэр псынкIэх ыкIи зэщыпльагъу тэшIыхэуть итэдзыжьых. Ау гъэмэфэ фабэм ахэри къыщыдакIыгъэхэ зыхъукIэ, гопэгъуе, къин дэдэр жьы къызэрыштэрэ противогазхэр арых.

- ЫIопрэ мафэхэм уафызэплъыжьыу мы уахьтэм ебгъапшэмэ, сыда къэпIон плъэкIыщтыр? Мы IофшIакIэм уесагъа?

- Пхъэшэ режимым утетэу Iофэ пшIэнэр IэшIэхэп. Зыгъэпсафыгъо тиIэп. Узым икъэбар щыкIыхъэ, тызэрелъэзыщт щыкIэр икъоу зэрэтымышIэщтыгъэхэм ыкIи ныгъуафэ къызздахьыгъ. Iэзэгъу уцхэу ятхьылIэкэрэр зэблохъуГъэхэп, икъоу тIэкIэлъых, зыми тыщыдкIэрэп. Ковид, уцхэм язакъоп, неврологиемкIэ тищыкIагъэхэр зэкIэ тиIэх. Ау узым псынкIэ дэдэу зыкъызэриухъокIыи зэрилъэкIыщтыр, сымаджэм ущ хъугъэ. Ащ сыхьати 4-6-м къыкIоцI тыкъэты: сымаджэхэм ялъыдэкIыае, апкъышъол зэрэплъыкIэр, сатурациер тэшIых. Ахэм ялъытыгъэ Iэзэгъоу арахьылIэрэм зэхъокIынигъэхэр фэтэшIых. Ащ тыкъэшIетекIыжьыкIэ, санитар амалхэмкIэ зытэгъэкIэжьыгъэ зиIэхэр арых. Коронавирусыр къызежьагъэ апэрэ мафахэм ягъэпшагъэмэ, джы къытфащэхэрэм ялъыдэкIыгъэ тшэу хэхъуагъ. Мы уахьтэ я 6-рэ къатэу Iофэ зыщыкIэрэм нэбгырэ шъэныкъо фэдиз чIэлъ. ГумэкIыгъо къызыпыкIырэр: игъом медицинэм иIофышIэхэм зафагъазэрэп, ягъэкIэжьыгъэ зэIэзэжьых. Мы узыр мэхъаджэ, псынкIэу тхьабзылыр зэлъекIу. КТ-3-4 зыфагъэуцугъэ сымаджэ хьылъэхэр къытфащэхэшъ, тырэхьатыжьу игъо тифэрэп. Сыда пIомэ сымаджэр зыпкъ ит пшIошIыз, къэдзишъ реанимацием ефэ.

IофшIакIэм тесагъ, зызэрэтымыгъэпсефырэм нахьи ыкIыпи ыкIи гукъао тщыхъэрэр тэ татъэныкъокIэ щыфаIом екстагрАмкIэ къатхъэрэр ары. Сымаджэхэр нахьыбэу къэдгъэлъагъэохэмэ, тифедэ хэлъэу зыIохэрэр хэукъох, зы нэбгырэ телъэзэщтми, нэбгырэ пчъагъэ тыпытыр, а зы лэжьапкIэр ары къытатыгрэр.

- Хьалимэт, мэзэ пчъагъэхэм къакIоцI хъугъэшIагъэбэмэ уарихъылIагъ. Анахьэу угу кьинагъэхэм Iэзэм ягугъу къытфэшIыщы.

- Бэрэ къыхэкIыгъ зитхьабыл продент 80 - 90-м (КТ-4) нэсэу узым зэлъикIуягъэ сымаджэхэр къытфащэхэу. Ахэр ИВЛ-м пыгъэнагъэхэу мэфэ пчъагъэм жьы къаIащ. Жьыкъэ зэхэзу альэкъо т тетэу чIэкIыжьыгъэ нахьыб. Адэбз уз зиIэ сымаджэм коронавирусыр къыпихьагъэу тиI. Джащ фэдэу, зэшъхьэ лъыекIуи хъугъэу къытфащагъэм COVID-19-р дыхэтыгъ. Ащ уеIэзэзэнэр гъэшIэгъэоныгъ, Тхъэм ишыкуркIэ, хъужьыгъэ, ильъэ тетэу ежь-ежьыгъэ чIэкIыжьыгъ. Сымаджэр ильъэ тетэу зычIэкIыжьыкIэ кIуачIэрэ гухъахъорэ къысеты.

- Адэ врачым игулъытэ мэхъанэ иIэу пшIошIа?

- Ащ мэхьанэшхо иI. Анахьэу мы уахьтэ узыкIэу тызэIэзэрэм ар ищыкIагъэ дэд. Сыда пIомэ, реанимацием дэй дэдэу ипль сымаджэм уц льэш гоpэ зыщыхэдгъахьорэ уахьтэ къекIу. Нэужым, пIолъэ гъэнэфагъэ зытетIэкIэ, изытет ельытыгъэу етIани уцым еогъэхьу е щыогъакIэ. Ар врачым игулъытэ къыхьыи фае.

Ковид сымаджэм ипсауныгъэ иэзытет псынкIэу зыщэхъокIы. Дэгъу пшIошIызэ къэдзи е дэй дэдэм зыкъэшIэжьы. Сыдэу хъугъэми, врачым зэхъокIыныгъэ пстэуми игулъытэ анэсынэу щыт.

- ТиэдэгущыIэгъу зетэгъажьэм къыщыпIуагъ ори коронавирусыр къыюузыгъэу. Сыдэущтэу ащ упхырыкIыгъа? Уигупсэхэм апыбгъэхьанэу ущынагъэба?

- Сэ хьылъэу спэкIэкIыгъэп, игъом сызэIэзэжьыгъ. Санитар шапхъэхэм къызэрэдалъытэрэмкIэ, хэти зыфэсакъыжьымэ нахьыIу. IофшIэныр зетэгъажьакIэм, тигупсэжьагъэ апыдгъэхьаныи тытещыныхьэти, къытфызэIуахыгъэ хьакIэщым мэзитIым къыкIоцI тыщыпсэугъэ. Ау Iофыр псынкIэу ухьигъэ зэрэмыхъущтыр къыдгурыIуагъ, щыIэныгъэм хэтэу зэрэхъугъэр зэхэтшыкIи, тиунагъо, тиныбжьыкIэхэр хъугъэ. Дезинфекцие тщыгъэр тэшIых, нэгуихъор тIулъэу унэми тис. Ныбжь зиIэхэм адэжь сыкIорэп.

- ТиэдэгущыIэгъу икIэухым сыда гъэзетеджэхэм ящIомэ пшIоигъор?

- Шъо шъуушъэкIи шъузыфэсакъыжьы, къышъупэблагъэхэми шъуягупшыс. Тинахьыкъхэм щынагъор зэрэшъхьащытыр зыщыдгъэгъупшэ хъугъэп, ахэм адажь тызэрэкIорэр нахь дгъэмэкIэн фае. Амал зэриIэкIэ, хьадагъэхэм, джэгухэм шъуаехэмы!

- Хьалимэт, уахьтэу шъумыIэр зэхъуекIыжьыгъэ гущыIэгъу укъызэрэтфэхъугъэмкIэ тхьауегъэпсэу.

КъАНТЕМЫР Хьалимэт Къэрэшэе-Щырджэс Республикэм и къуаджэу Кощхьаблэ къыщыхъугъэ ыкIи щапIугъ. Пшызэ медицинэ академием икъутамэу Мыекъуапэ дэтыгъэр къызеухым, IофшIэныр къэлэ сымэджэщым неврологиемкIэ республикэ Гупчэм иврач шъхьаIэу Айтэчыкъо Мариет Нурбый ипхъум.

Айтэчыкъо Мариет

Псаунытъэр къызкъонэщтыр

- Ар шъыпкъэ. Апэ, пандемиер къызежьакIэм, анализхэр сыхьат зытIущкIэ хьазыр зэхунэу унашъо къытфаIощагъ. ЫкIи псынкIэу тшIыщтыгъэ. Джы непэрэ мафэм анализ 500 къаIупхьи, уугъоин, уушэтыным фэбгъэхьазырыпхэр фае, ежь уплъэкIунми охътэ тхьэнэгъэ ехьы. Гущыlэм пае, тиIофышIэхэм сменищу, сменитIоу зэтефыгъэу Iофэ ашIэ, сыхьатыр пчъдыжьым 7-м щегъэжьагъэу чэщым 12-м нэс. Апэрэ сменэм пробэ 200 ештэ, ятIонэрэм - 200, ыпкIэ хэлъэу зытыхэрэр - 100 фэдиз. Анализ 400-500-р къыкIэпльыкIорэ мафэм хьазыр зэрэмыхъушъущтыр къагурыIон фае. Мафи, мафитIуи, мэфищи ехьы, ялпIэнэрэ мафэм къэтшIыжьэуи зэхэсу. Сымаджэхэрэм ялучъагъэ мафэ къэс хохъо. Ари узышомыкIын ушъхьагъу. Анализэу къытIэкIэхьагъэр псынкIэу тыIущэтыныр тэркIи мэхьанэ зиIэ лъэныкъу. Вирусологиер шIэныгъэ куу, удэлэжьэныр Iофэ псынкIэн, зэфэхьысыжь тэрэзэхэм уафаемэ, пIолъэ гъэнэфагъэ псынкIэу ехьы. IофшIэнхэр зэшIопхынэу щыт.

Хьыппыхьчыпхъэ Шулэ: Сигу щыкIуэда лъэхъэнэ симыхуауэ щыткъым. Хэхауэ жыпIэмэ, кьысхуегъэзэкIа си Iыхьлыхэмрэ пыхъуэпышэхэмрэ я узынщагъэмрэ си щIакхъуэ Iыхьэ кьэлэжьынымрэ сатегужьеиIат, сатегузэвыхьат. Мыбыхэм схузэгъэзэхуэн яхэттэкъым. Ауэ мы сызыпэщIэт гуугъеуэм си психикэм сыпэщIигъэувауэ кьысщыхъуурраш. Нобэ кьэкъзэгъэщIа псори щIэрыщIэу си нэгу щIигъэкIыжащ, ауи ублэкIынкIэ гугъэ зыхуимыIэхэри хэтыжу. Абы щхьэкIэ мыр сыт щыгъуи сигу изгъэлащ: псори блэкIынущ, мы узыфэр зэрытщIэкIами, зы мыхьэнэ иIэщ.

Хьэкъуэ Инджий: НэгъуэщI цIыхухэм я гъащIэм нэхъ сыщIэгупсыс хъуащ. Пандемием дунейр зэрызэщIищтэ лъандэрэ куэд зи фэ дэкI дохутырхэм, дэIэпыкъуэгъу псынщIэхэм ис медициногъэ лэжьакIуэхэм, аптекэм щIэтхэм, пощтэехьэхэм, лоджистик хуэIухуэщIэхэм пылъхэм, щIакхъуэгъэжьапIэм щIэтхэм, банкым щылажьхэм я нэгу щIэкI гугъуехьым сегупсыс хъуащ. Сигу ящIоуз дэтхэнэ зыми икIи пщIэшхуэ яхузощI.

Хьэнтыу Iэлыф Бюшра: Пандемием и кьекIуэкIыгъуэм нэхъапэхэм сыздджэн хуея тхылъхэм седжэрт, си дерсхэм селэжьырт. Ауэ си Iагъэблагъэм ит щыхуэхэм сахэплъэжмэ, гу льэзотэ Iэнэм мытIыс щыкIэ Iэ тхъэщIыныр си хабзэу щымытахэм махуэр щыкIэщIым тхуэ я Iэр зэратхэщIым, зэрызыхуэсакъыжым.

Сэ мы пандемием кьытхуихьа зэманым си щхьэ нэхъ згъэфIэжу сищIащ, си мурадхэр нэхъ зэтесу сыпсэун, си Iуэхуэр нэхъ щIэх зыфIэгъэкIыным сеIэн, си щхьэм нэхъ пщIэ хуэсщIын, си гъащIэ щыкIэр нэхъ гъэхуэмы зэрыхуейр кьызгурегъуIэ кьыкфIощI.

– Узыфэ кьекIуэкIыр ужьыхьжьыпа нэужь япэ дыдэ зэфIэбгъэкIыну узэжьэр е узэгупсысыр сыт хуэдэ Iуэху?

Абрэдж Ибрэхьим: Си ныбжьэгъуэхэм нэхъыбэрэ сахуэзэну, сахэтыну сыхуейщ.

Хьэжбэвыкъуэ Сезер: Пандемиер зэфIэкIмэ, си кьуажэ гъатхэ махуэм дыгъэ хьэкIэ теплъэу удэшIщIэм лъапIэу кьыщисIуIхьу кьысщыхъунущ. ИтIанэ, псом нэхъапэ сщIэнур аращи, фIыуэ слъагъу цIыхухэм быдэу Iэплlэ ясшэкIынущ.

Хьыппыхьчыпхъэ Шулэ: Къабзагъэм егъэлеяуэ сыхуущыту кьысщыхъужьырти, пандемием сызэрызахуэр кьиигъэлъэгъуащ. Абы теухуауэ схэплъа хабзэр, сыкьызэрыгъуэгурыкIуар зыкъэзынукъым, згъэзэщIэнущ. НэгъуэщI гупсысэу сиIэри: сыти ирехъу, зыгъэгуфIэнущ, си щхьэм сегупсысынущ, си лэжьыгъэр си гъащIэм ипэ изгъэщынукъым. ФIыуэ слъагъу цIыхухэм защIэмыгъэнщIу зесшэкIыну сыхуейщ, абы щхьэпэныгъэшхуэ иIэу кьызолъытэ. Мы лъэхъэнэхэм нэхъыбэу мыхэращ сигу кьэкIар.

Хьэкъуэ Инджий: Пандемиер тщхъэщIыкIа нэужь хуиту кьэсIкIуныну си нэ кьоKI. Сыщогугъ дунейр зэщIэзыщта мы узыфэм иужькIэ нэхъ тыншу, гупсэху, кьабзэу зы гъащIи кьэспсэуну.

Хьэнтыу Iэлыф Бюшра: Пандемиер къыщежьа къудейм, пэж дыдэу, гужьеигъуэ сыхэхуат. ЦIыху куэд дунейм зэрехьыр гукIуэдыгъуэт, фIыуэ слъагъу цIыхухэм ар я щхьэ кьрикIуэкIа, узыфэм ихьинкIэ, пандемием хэкIуэдэнкIэ идеалистыр ящIэ. Ауэ мы кьэтпсэу нобэрей гъащIэм теуха упщIэ куэд си щхьэ кьиджэразэрт, я жэуапи зэпымычу кьэслъхьэхьэрт, тщIэм и мыхьэнэми кьытезгъэзэжурэ сегупсысырт. КьызэгурыIуэрт си пащхьэ кьиувэ упщIэхэм я жэуап Iэмалыншэу сиIэн зэрыхуейр. Унэм сыщыщIэса Iэхъэнэм увыIэгъуэ симыIэу седжащ, куэдым сыщIэупщIащ, си гупсысэхэм я щIагъ щIэльыр сегупсысыну. КьызэгурыIуэрт си пащхьэ кьиувэ упщIэхэм я жэуап Iэмалыншэу сиIэн зэрыхуейр. Унэм сыщыщIэса Iэхъэнэм увыIэгъуэ симыIэу седжащ, куэдым сыщIэупщIащ, си гупсысэхэм я щIагъ щIэльыр сегупсысыну. КьызэгурыIуэрт си пащхьэ кьиувэ упщIэхэм я жэуап Iэмалыншэу сиIэн зэрыхуейр. ЩIэпэдгъэлэл сымыщIу сыбзэкъуэн зэрыхуейри фIыуэ зыхьзизгъэщIыкIащ. Дяпэкlэ зы зэманкIэ сыздэщIэ IэнатIэм сыщымылэжьэныр сэркIэ Iэмалыншэу щыт пэтми...

Хьэкъуэ Инджий: Зэкъуэтыныгъэ нэхъ итIэ ищауэ кьысщохьу. Пандемием зимыубгъу щIыкIэ, сыкъызыдекIуэкIа цIыхухэм нэхъ зыкъысщIагъэкъуауэ жысIэмэ, игъуэ хъунущ. Жьыгъэм кьысхуихьа зэфIэкIныныгъэншэм си Iуэху схуземыхуэж сищIами, си кьуэш -си шыпхъуэхэм я бынхэр дэIэпыкъуэгъу кьыскъэхъащ.

Хьэнтыу Iэлыф Бюшра: Закъэныгъэм, пэжым ухуейм, сригъэшащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, пандемием ипэ си лэжьэгъуэхэмрэ сэрэ дызэхуэсу, дызэдэуэрщэру, ди гурыпхэр зэхуэтIуатэу дыщыIат. Иджы апхуэдэ гуэри дыхэтыжкъым, зы шеибжьи дызэдекIыжу дыкъонащ. Псоми унагъуэ зэрыз диIэщ, дызэхьыхьэмэ, узыфэ кьекIуэкIыр зэIэпытхынкIэ дошынэ.

Си ныбжьэгъухэмрэ сэрэ кIэщI-кIэщIурэ дызэлъихьэу щытамэ, нобэкIэ интернет Iэмалхэращ кьытхуэнар – абыкIэ дызэроIуагъу, дызопсалъэ. Зэзэмызэ дыщызэрихьэлIэ щыIэщ, ауэ пIалъэ кIэщI дыдэщи ди зэрыпIагъуным ихьыр.

- Дунейм щекIуэкI пандемием и ягъэкIэ уи гур щыкIуэд къыхэкIрэ? Гузавэмрэ гужьеймрэ закъэшIэщIэпхьи щхьэкIэ сыт пщIэр?

Абрэдж Ибрэхьим: Сигу згъэкIуэдакъым. Дунейм и тхыдэр пандемиекIэ зэщIэблащ, зигу зымыгъэкIуэдэхэращ узыншэу кьыззэтенэнур. Пандемие нэужьым пессимист мыхъуэр узыр нэхъ кьемыгуауэу сыщыгъэр, хуабжьыуи сыкъигъэIэбжьатхъуэрт. Ипэ дыдэхэм, псори зэхуащIу цIыхухэр уэрамым кьыдыхьэныр щыпапэбыдым, псори си унэ сыкъыщIэмыкIыу сыщIэсащ. Iэмалыншэ дыдэу тыкуэным е нэгъуэщI щIыпIэ сыкIуэн хуей хъужьу, егъэлеяуэ сызыхуэсакъырт. КьызэрысщыхьумкIэ, цIыхур псоми йосэж. Иджыпстуи хуабжьу сызыхуосакъыж, ауэ, ипэм хуэдзу, сышынэжьыркъым.

- Дунейр зыIэщIэзылъхьа узыфэр Iэсэ хъурэ ужьыхьжмэ, уи хьэл-щэным зэхъуэкIныгъэ гуэрхэр игъэтауэ укъыщIидзыжьыну кьыпщыхъуэр? Сыт абыхэм ящыщу зызымыхъуэжьынур?

Абрэдж Ибрэхьим: Дезинфекцие щIыныр зы щэну кьысхуинэну кьысщохьу. Унагъуэми гу щыльатэ ары.

Хьэжбэвыкъуэ Сезер: Си гъащIэм щIыхьейуэ тIум сыхуубыдащ: 1991 гъэм – Ерзинджан, 1997 гъэм – Мармара. Псэууэ сыкьелащ. Абы щыгъэжэщи махуи димыIэу ткIийуэ дылэжьащ, ауэ иужькIэ, гъащIэр зэтес хъужа нэужь, стрессышхуэ сызэриIар кьызгурыIуэжат. Шэч хэлъкъым, пандемиер зэфIэкIрэ, узыр Iэсэжмэ, цIыху куэдым апхуэдэ стресс ящIэкIынущ.

Си гугъэкъым си хьэл-щэным щыщу зыгурэми зихъужэну. Зэзэмызэ ирагъэлейми, кьабзэныгъэм теухуауэ цIыхуэр нэхъ сакъыу щытыну кьысщохьур. Уеблэмэ, ар хьэл мыгъуэ кьызызыхуинэн гуэрхэр щыIэнкIэ хъунущ. Сэ кьабзагъэм теухуауэ зы щытыкIэ сызэрысабийрэ зэрызэIэм щыхьэкIэ, зыми зихъужынукъым.

Хьыппыхьчыпхъэ Шулэ: Сигу щыкIуэда лъэхъэнэ симыхуауэ щыткъым. Хэхауэ жыпIэмэ, кьысхуегъэзэкIа си Iыхьлыхэмрэ пыхъуэпышэхэмрэ я узынщагъэмрэ си щIакхъуэ Iыхьэ кьэлэжьынымрэ сатегужьеиIат, сатегузэвыхьат. Мыбыхэм схузэгъэзэхуэн яхэттэкъым. Ауэ мы сызыпэщIэт гуугъеуэм си психикэм сыпэщIигъэувауэ кьысщыхъуурраш. Нобэ кьэкъзэгъэщIа псори щIэрыщIэу си нэгу щIигъэкIыжащ, ауи ублэкIынкIэ гугъэ зыхуимыIэхэри хэтыжу. Абы щхьэкIэ мыр сыт щыгъуи сигу изгъэлащ: псори блэкIынущ, мы узыфэр зэрытщIэкIами, зы мыхьэнэ иIэщ.

Хьэкъуэ Инджий: НэгъуэщI цIыхухэм я гъащIэм нэхъ сыщIэгупсыс хъуащ. Пандемием дунейр зэрызэщIищтэ лъандэрэ куэд зи фэ дэкI дохутырхэм, дэIэпыкъуэгъу псынщIэхэм ис медициногъэ лэжьакIуэхэм, аптекэм щIэтхэм, пощтэехьэхэм, лоджистик хуэIухуэщIэхэм пылъхэм, щIакхъуэгъэжьапIэм щIэтхэм, банкым щылажьхэм я нэгу щIэкI гугъуехьым сегупсыс хъуащ. Сигу ящIоуз дэтхэнэ зыми икIи пщIэшхуэ яхузощI.

Хьэнтыу Iэлыф Бюшра: Пандемием и кьекIуэкIыгъуэм нэхъапэхэм сыздджэн хуея тхылъхэм седжэрт, си дерсхэм селэжьырт. Ауэ си Iагъэблагъэм ит щыхуэхэм сахэплъэжмэ, гу льэзотэ Iэнэм мытIыс щыкIэ Iэ тхъэщIыныр си хабзэу щымытахэм махуэр щыкIэщIым тхуэ я Iэр зэратхэщIым, зэрызыхуэсакъыжым.

Сэ мы пандемием кьытхуихьа зэманым си щхьэ нэхъ згъэфIэжу сищIащ, си мурадхэр нэхъ зэтесу сыпсэун, си Iуэхуэр нэхъ щIэх зыфIэгъэкIыным сеIэн, си щхьэм нэхъ пщIэ хуэсщIын, си гъащIэ щыкIэр нэхъ гъэхуэмы зэрыхуейр кьызгурегъуIэ кьыкфIощI.

– Узыфэ кьекIуэкIыр ужьыхьжьыпа нэужь япэ дыдэ зэфIэбгъэкIыну узэжьэр е узэгупсысыр сыт хуэдэ Iуэху?

Абрэдж Ибрэхьим: Си ныбжьэгъуэхэм нэхъыбэрэ сахуэзэну, сахэтыну сыхуейщ.

Хьэжбэвыкъуэ Сезер: Пандемиер зэфIэкIмэ, си кьуажэ гъатхэ махуэм дыгъэ хьэкIэ теплъэу удэшIщIэм лъапIэу кьыщисIуIхьу кьысщыхъунущ. ИтIанэ, псом нэхъапэ сщIэнур аращи, фIыуэ слъагъу цIыхухэм быдэу Iэплlэ ясшэкIынущ.

Хьыппыхьчыпхъэ Шулэ: Къабзагъэм егъэлеяуэ сыхущыту кьысщыхъужьырти, пандемием сызэрызахуэр кьиигъэлъэгъуащ. Абы теухуауэ схэплъа хабзэр, сыкьызэрыгъуэгурыкIуар зыкъэзынукъым, згъэзэщIэнущ. НэгъуэщI гупсысэу сиIэри: сыти ирехъу, зыгъэгуфIэнущ, си щхьэм сегупсысынущ, си лэжьыгъэр си гъащIэм ипэ изгъэщынукъым. ФIыуэ слъагъу цIыхухэм защIэмыгъэнщIу зесшэкIыну сыхуейщ, абы щхьэпэныгъэшхуэ иIэу кьызолъытэ. Мы лъэхъэнэхэм нэхъыбэу мыхэращ сигу кьэкIар.

Хьэкъуэ Инджий: Пандемиер тщхъэщIыкIа нэужь хуиту кьэсIкIуныну си нэ кьоKI. Сыщогугъ дунейр зэщIэзыщта мы узыфэм иужькIэ нэхъ тыншу, гупсэху, кьабзэу зы гъащIи кьэспсэуну.

Хьэнтыу Iэлыф Бюшра: Пэжым ухуейм, куэдым си гур мажэ. Ауэ, япэщIыкIэ, фIыуэ слъагъу цIыхухэм защIэмыгъэнщIу зесшэкIыну сыхуейщ, абы щхьэпэныгъэшхуэ иIэу кьызолъытэ. Мы лъэхъэнэхэм нэхъыбэу мыхэращ сигу кьэкIар.

Епсэлъар

МАМХЭГЪ Хьикмэтщ.

Щоджэн Iумит

«Ковид-19» узыфэм гъащIэр зэрихъуэжар

Хьэжбэвыкъуэ Сезер

Абрэдж Ибрэхьим

Хьэкъуэ Инджий

Хьыппыхьчыпхъэ Шулэ

Хьэнтыу Iэлыф

Чын къэралыгъуэм хьихьэ Iухъан къалэм къыщежьа узыфэм дуней псом зыззэрыщиубгъурэ илъэсым нэхърэ нэхъыбэ тещIэжащ. Мы зы илъэс закъуэм дунейм гъащIэр щыимэзэхам хуэдэщ. ЦIыхухэм я нэхъыбэр я унэм къикIикъипIи ямыIэу мэпсэу. Къалэшхуэхэми зыри щымыпсэужым хуэдэщ, уэрамхэр цIыхунщэщ, зэхэзекIуэ щIагъуэ щыIэжкъым. ПэжьалIэм мыкIуэнкIэ Iэмал зимыIэхэр махуэ къэси гъуэгу тетщ, ауэ куэдри я унэ кьимыкIыу лажьэ хъуащ. Зи Iуэху, зи лэжьыгъэ зыфIэкIуэдахэр гъащIэм къахуихьыну мыщхьэпэхэм тешыныхьу щIадзащ. Узыншагъэм кIэпъыпIлъхэм я гъащIэр кьафIэмыIуэхужу цIыхухэм я щхьэпэ зэрырагъэкIынум иужь итщ.

КЪЭРАЛ куэдым узышагъэм теухуауэ ягъэпса я системэр зэтекъутэным нэсащ. ЕджапIэхэм я пIэм компьютерхэр ирагъэуващ. Экономикэм и щытыкIэри пщIэгъуалэу пхужьIэнукъым, зэтощащэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ гуащIэу узыфэм зэхиудыныщIар цIыху цIыкIм я гъащIэрщ.

«Къапльэ нэхърэ кьипльэ», жаIэ адыгэхэм. Уеплъыпэмэ, цIыхухэм закъуэныгъэр кьаззэрытеуам, фIыуэ яльагъуэхэм зэрыхуэзэшIыж, цIыхуи хьихьану хуейуэ дэтхэнэри щIэкъуэпс зэрыхъуам гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Дунейр зэщIэзыщта узыфэр кьиззэрехьэрэ я гъащIэм зэхъуэкIныныгъэу кьыхэхъухьахэр зыхуэдэр зэщIэщIну зи упщIэ зыбжанэкIэ захуэдгъэзащ хущхьуэ щащэ Iэхуущ1ап1ем и тет **Абрэдж Ибрэхьим** (45), унагъуэ дохутыр **Хьэжбэвыкъуэ Сезер** (52), инженер-эколог **Хьыппыхьчыпхъэ Шулэ** (30), пенсэм щыс щIэныгъэрыльэкIэ **Хьэкъуэ Инджий** (69), еджакIуэ, щыгъын щащэ тыкуэным щIэт **Хьэнтыу Iэлыф Бюшра** (21) сымэ.

– Дунейр зэщIэзыщта узыфэр сыт хуэдизу кьыплъэIэса? Уи унагъуэ Iуэхуэхмкlэ е уи лэжьапIэмкIэ (улажьэу щытмэ) сыт хуэдэ зэхъуэкIныныгъэхэр кьыхилъхьа?

Абрэдж Ибрэхьим: ЦIыху сымаджэхэр куэд зэрыхъуам кьыхэкIыу, хуабжьу дызэхуэсакъын хуейуэ зы щытыкIэ дитщ. Дэ дызыхьумэ аппратхэм кьинэмыщIауэ, сымаджэхэмрэ дэрэ дызэлъэмыIэсыну ди зэхуакум барьер дгъэуващ. Мыпхуэдэурэ дэри, ди чэнджащэгъуэхэри, ди сымаджэхэри хъума дохъур.

Хьэжбэвыкъуэ Сезер: Адрейхэм хуэдэу, сэри сызэхиудыныщIащ мы узыфэ кьекIуэкIым, ауэ, си Iуэхум теухуауэ пэжыр жысIэн хуеймэ, кьысщыхэплъэжыс Iэфэныщ. Пандемиер кьыщежьа лъэхъэнэм гугъуэхэ кьэдыхэтащ: кьыкIэ щыщIыр кьыдгурымыIуэу, тщIэнур дымыщIыхуу, сымаджагъэкIэ Iэзэгъуэу зэтхьэIэным дыщымыгъуаззу. Дызыхьумэну Iэмэпсымэхэмкlэ щIагъуэу дыкьызэгъэпэщатэкъым. Дыхуэмыхьэзыру диубыда хъуащ узыфэм. Нэкlыlупхъуэрэ спирткIэ гугъу дехьащ. Пандемием зыщиубгъу кьудейм, тхьэмахуэм зы дохутырым нэкIыlупхъуищ кьыдату арат. Иужькlэ, пандемием теухуауэ щIэныгъэм кьыщыхэхъуэм, цIыхухэми я гулъытэм зиIэту щыхуежьэм, узым ищIофынур зыхуэдэм теухуауэ нэхъыбэ кьащыгурыIуэм, дэри ди гугъуехьыр хэпщIыкIыу мащIэ хъуащ, Iэмэпсымэхэр нэхъ кьытIэщIыхьэу хуежьащ. ЦIыхухэр фIырыфIкIэ уэрамым кьыдэмыхьэ зэрыхъуами и щхьэпэ кьызэрыздэкIари жыIэпхъэщ.

Хьыппыхьчыпхъэ Шулэ: Пандемиер я щIыIэкIэ зыпхъэIэсэ сащыщщ, хуабжьу сызэхиудыныщIащ. Си лэжьапIэм иригъэкIуэкI стратегием и ягъэкIэ сом кьэлэжьыным теухуауэ гугъу сехьащ. Пэжу, узыфэм зиубгъуу щыщIидза лъэхъэнэм Iуэхуншэу кьэнахэм, лэжьапщIэ мащIэ зратхэм сахиубыдакъым, си Iуэхур унэм щысщIэурэ кеIуэкIащ. Ауэ лэжьапIэм зыкIи зыкъысщIигъэкъуакъым. Сызыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмкlэ езгъэзекIуэкI Iуэхур щIэгъэкъуэн щIалъуэ зимыIэ ди нэхъыжьхэм, ущыуэнукъым.

Хьэкъуэ Инджий: Пэшыбэу зэхэт унэ сыщопсэу. Дызэрызэхэсрагъэнщ, пандемием ди унагъуэми ди унэми и пщIэр дигъэлъэгъуауэ кьызолъытэ. Пэжым ухуеймэ, сэ унагъуэшхуэ сыт щыгъуи кьыспыщIат, иджы абыхэм нэхъ сахэсырей сыхъуащи, сэркIэ ар уасэ зимыIэщ.

Хьэнтыу Iэлыф Бюшра: Сыщылажьэ щIыпIэм уеплъмэ, пандемием сызыгъэтхъэн зыри кьысхуихьакъым. Сыхьэт бжыгъэ куэдкIэ нэкIыlупхъуэ пIулъу улэжьэнэр, цIыхум упыIудзауэ, уапэжьжьэу ущытынкIэ зы лъэныкъуэкIи хьэлъэщ, ауэ мыпхуэдизу шынагъуэ зыпылъ узыфэри екIуэкIыу цIыхубзм уахэтынри, кьызэрымыкIуэу дзыхьщIыгъуэджэщ. ЦIыху лажьэм и бжыгъэм кьыщыщIэдзауэ, Iуэхум пандемием и екIуэкIыкIэм зэрызидищIым нэхъыжу, псоми зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьауэ кьысщохьу.

– Дауэ уеплъэрэ, мы узыфэр кьыззэрежьэрэ цIыхухэр нэхъ зэкъуэт хъуа хьэмэрэ зэкъуича?

Абрэдж Ибрэхьим: Зэкъуэтыныгъэр нэхъ зыхэсщIэу сыпсэуащ. Ауэ, узынщагъэ теухуауэ зы Iуэху сителажьэкIыхьэу, сыкъэзыщIэ цIыхухэм гугъэ етыным, тегъэуным сригъэшащ, пэжым хуэуейм. Мыбы пандемием кьыдиту стрессри щIыбгъужмэ, кьыстехьэлъауэ жысIэфынущ.

Хьэжбэвыкъуэ Сезер: Дызэкъуэтыны щIэныгъэ зыхьэсщIэу сыпсэуащ. Ауэ, узынщагъэ теухуауэ зы Iуэху сителажьэкIыхьэу, сыкъэзыщIэ цIыхухэм гугъэ етыным, тегъэуным сригъэшащ, пэжым хуэуейм. Мыбы пандемием кьыдиту стрессри щIыбгъужмэ, кьыстехьэлъауэ жысIэфынущ.

Хьэжбэвыкъуэ Сезер: Дызэкъуэтыныгъэ нэхъ зыхэсщIэу сыпсэуащ. Ауэ, узынщагъэ теухуауэ зы Iуэху сителажьэкIыхьэу, сыкъэзыщIэ цIыхухэм гугъэ етыным, тегъэуным сригъэшащ, пэжым хуэуейм. Мы узыфэр щIыбгъужмэ, кьыстехьэлъауэ жысIэфынущ. Ауэ, узынщагъэ теухуауэ зы Iуэху сителажьэкIыхьэу, сыкъэзыщIэ цIыхухэм гугъэ етыным, тегъэуным сригъэшащ, пэжым хуэуейм. Мы узыфэр щIыбгъужмэ, кьыстехьэлъауэ жысIэфынущ.

Си IэщIагъэм гухэхъуи гухэщIи къызет

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 2-нэ нап.)

Ищхьэкlэ къызэрыхэзгъэщащи, ди къудамэм щедгъэкlуэкl джэгуакlэ-егъэджэныгъэхэм я фыгъэкlэ дэ Iуэхум нэхъ дыхуэхьэзырт. Апхуэдэхэм дежь адрей къудамэхэм щылажьэхэр афIэгъэщIэгъуэну къытхlэлъыплъыр икlи щытыкlэ хъэлъэм дыкъыщихутэм, ящэщыкlэ абыхэм я гугъащ езыхэм ялъэмыlэсыну. Арщхьэкlэ абы псори къызэщIиубыдащ, гупым къаехэкlакъым зи IэщIагъэм хуэмыпэжа.

Ящэ мазэм центрым и унафэщIхэр жэщми махуэми жей ямыIэжу Iуэхур зэрызэтраублэнрэ и ужь итащ. Лэжьыгъэр къепхьэлIа нэужьи хуиту зыгъэпсэху ухъурэткъым. Гурыlуэгъуэт центрым апхуэдэ Iэмал зэримыlэр. Абыкlэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым КъБР-м къыбгъдэкlыу щыlэ сенатор Къаночкъуэ Арсен. Ди щытыкlэр зыхуэдэр къыщищIэм, абы и «Синдикэ» хъэщIэщыр хуит къытхуищIащ. «Лэгъупыкъу» санаторэм шхынкlэ дыкъызэригъэпэщащ. Ди лэжьыгъэр зэблэкlыгъуищу зэщхьэщхьауэ жащи махуи долажьэ.

Щыщхьэулу мазэм ирихьэлIэу сымаджхэр нэхъ мащIэ хъури, ящэм дызэрыта щытыкlэм дытехьажат. Ди гуфIэгъуэм гъунэ иIэтэкъым, ди фIэщ хуэжьыртэкъым къызэрыгуэкl лэжьыгъэм дыпэрыувэжауэ. Зэрыжаlэу, Iейми зы фIы гуэр хъешэ. ГъэщIэгъуэныраку, мы узыфэ шынагъуэм иужькlэ ди центрым зэIэзэ сымаджхэр куэдкlэ нэхъ мащIэ хъуат. КIэтIий узыфэ зэрыцIалэхэр зиIэхэр къудамитIым щIэмыхуэу щытамэ, иджы апхуэдэхэр закъуэтIакъуэххэт. Сытыт абы и щхьэусыгуэр? Къабзагъэм и хабзэхэр зэрагъэзащIэрт - цIыхухэм щIэх-щIэхыгъэ я Iэхэр ятхьэщI хъуат, къищынэмыщIауэ, унэм щIэсым хуейуэ къаэрыхуэхуам пащIэ, унагъуэм зыхуей хуэзэу щаупщIэфIа ерыскъыт яшхыр. Пыхуэсыу лIэужьыгъуэхэм ягъэсымаджэхэри щыIэжэтэкъым, цIыхухэр нэхъ мащIэу зэхьихьэ зэрыхъуам къыхэкlыу.

Арщхьэкlэ мазэрэ ныкъуэщ апхуэдэу зэрекIуэкlар. ФокIадэм и кIэхэм коронавирус узыфэ зэрыщIалэр зыпкърытхэм я бжыгъэм хэхъуэу щIидзэжащ. Егъэленуэ куэд хъущ сымаджэр, апхуэдизэ зэуэ дэ зэи тпьэгъуакъым. Зи щытыкlэр нэхъ хьэлъэхэращ сымаджэщхэм ягъэзгъэлъэр, нэгъуэщI хэкlыпIэ щыIэкъыми.

Нэхъ шынагъуэращи, узыфэм зыкъызэрыридзэкlынур къыпхуэщIэркъым. НэхъыфI къэхьажа сымаджэр зэуэ къызэIохьэжри, хуэтщIри хуэдлэжьри сэбэп хуэмыхъуэу утыкум дыкъонэ. Куэдым елытащ ар, псалъэм папщIэ, цIыхум и Iэпкъльэпкъым тIасхьапIэ гуэркэр иIэмэ, и иммунитетыр лъахъшэмэ, апхуэдэр нэхъ псынщIэу узыфэ шынагъуэм еубыд икIи бгъэхьужыну нэхъ гугъущ. Апхуэдэуи щыIэщ коронавирусыр пкърыту къытхуэша сымаджэм, узыфэ гъэтIылъаxэр иIэу къыщIэкlыу, «мыбы зыгуэр хуэтщIэфыну пIэрэ?» жыIэу дызыгъэгузавэм и Iуэхур фIы дыдэ щыхъужь. Узыфэм теухуауэ къэралым и медицинэ институт цIэрыIуэхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэмкlэ зэхагъэувэ чэнджэщхэр мазэ къэс къытIэрохьэ, интернетым къыдит Iэмалхэр куэдгъэсбэпуэрэ, адрей дохутырхэми я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм зыщыдогъэгъуэзэ. Ди закъуэкlэ зы унафи къытщтэркъым, Москва дэт медицинэ центрхэм дапыщIауи, реанимацэм щIэлъ сымаджэм и щытыкIэм теухуауэ тхыльхэр догъэхьэзырри, яхудогъэхь. Абы къыджаIэхэм тещIыхьауэ дохутырхэр дызэчэнджэщыжурэщ сымаджэхэм дызэреIэзэр. Дэтхэнэ сымаджэми тхуэзфIэкlыр худощIэ, хущхъуэхэмкlи Iэмэпсымэхэмкlи хъарзынэу дыкъызэгъэпэщащ. Ауэ мы узыфэр апхуэдизкlэ «бзаджэщи», ар зыхьхьа Iэпкъльэпкъым къыщигъэлъагъа Ибрэхьим Борисрэ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым неврологиемкlэ и къудамэм и унафэщIу лэжьа Урысмамбэт Гъумаррэ. Абы я лэжьэгъуэхэм, я ныбжьэгъуэхэм ар узыфэм кьедгъэлыныжмкlэ сытри тщIэнут. Арщхьэкlэ, хьэлъэу япкърытти, зы Iэмали кьыдитакъым. Апхуэдэхэр дапщэ сощIэ.

ХъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм зэ къыщIэзэпхагъэлъэкIуэ щытащ медицинэ нэкlуIупхъуэр зыкlи сэбэп мэхъуу. Пэжкъым! Узыфэ зэрыщIалэр къезыхьэкI ткIуаткIуэр зимыгъэхьейуэ хьэуам хэткъым, аращи, ар къэзыгъэсэбэпыр узым нэхъ щыхъума мэхъу. ЩIэх-щIэхыурэ уи Iэр птхьэщIмэ, уи жьэм псы жьэдзбгъэжьыхьмэ, уи пэр кьиптхьэщIыкIмэ, зыкъуэм метр нэхъ мащIэкlэ уабгъэдэмыхьэмэ, нэкlуIупхъуэр пIулъмэ, узыр къыпкърымыхьэнкlэ шэсыпIэ нэхъыбэ щыIэщ.

- Мадинэ, къыхэпха IэщIагъэмкIэ ущыхущIегъуэжа зэгуэр кьыпхуихуа?

- Хьэуэ. Зэи сиIакъым апхуэдэ гупсысэ. Дохутыр IэщIагъэр цIыхум и гъащIэр, и узыншагъэр хъумэным щепхакlэ, абы гухэхъуи гухэщIи кьуитыфынущ. Уи Iэзэгъуэ зэпхьэIа сымаджэр хъужауэ пльагъуныр гуфIэгъэщ. Педиатриеращ си лэжьыгъэр зэпхари, сабийр балигъым хуэдэкъым, хьэлъэ дыдэу щымытмэ, ар кьиин хъуркъым. Я жьыджэрагъымкlэ, дэрэжэгъуэ кьапкърыкIымкlэ уи гукъыдэжкlэр хагъахъэу апхуэдэщ а цIыкIуэр. Кьыпщыгугъ цIыхум сэбэп ухуэхъуфынри, абы и фIыщIэ псальэр зэхэпхыжыныр насыпышхуэщ.

Хьэлъэщ узыпэмыльэщын узыфэ зэриIэр пщIэуэ сымаджэм и нэгум уиплъэну. Апхуэдэхэм мымащIэу дохутырхэр дрихьэлIэми, абы уесэркъым. Сабийм и анэр абы зэрытегужьеикlар щыпльагъуэкlэ, ар зыщыгуГа уэ узэрыщэмалыншэр къыщыбгурыIуэжкlэ, уи гур хощ. Я нэхъ сымаджэ хьэлъэ дыдэми, и псэр хэкlыхукlэ гъащIэм гугъэ хуиIэщ. ЦIыхур щылIэкlэ иужьу фIэкlуэдэр и тхъэкlумафIагъэрщ. Аращи, абы ущхьэщыту зэи Iей жьлIэ хъунукъым. Реанимацэм сыщIыхьа нэужь, сымаджэм уклъищIу щымытми, сопсалъэ: «Псори тэмэмщ, нобэ уи щытыкlэр фIы дыдэщ», - жысIэурэ. Ар сэбэп мыхъумэ, зэран зэрыхуэмыхъунур сощIэ.

- Упсэу, уи IэщIагъэм и хъер плъагъуу иджыри илъэс куэдкIэ Тхъэм уигъэлажь.

Епсэлъар
щхьэщэмыщI Иэщ.

Къуажэ ФАП-хэм я лэжьыгъэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 4-нэ нап.)

Адэкlэ дохутырым егъэбелджылы гупыр зэкIуэлIэн хуей унагъуэр, абдеж щызэфIахьну Iуэхуэр. Езыри кIуэу сымаджэм и щытыкlэр зэхигъэкIа нэужь, КТ зрагъэщIын хуей щыlэмэ, абыкlэ хьыбар кьыдегъащIэ. Ковид сымаджэхэр кьезышхкI бригадэхэр районым сымаджэщым щыгъэбелджылаУэ щыlэщи, абыхэм хьыбар яIэрыдогъэхьэ. Бригадэр къос, сымаджэр яшэри, КТ ящI.

Гу зылъытапхъэщи, а Iуэхуэр псынщIэ дыдэу кьызыдогъэпщI. Уеблэмэ щэджагъуэ нэужьым КТ-м кьигъэлъэгъуахэр кьыстIэрохьэж. Абы еплъа нэужь, дохутырым унафэ къехь сымаджэ хуэм ирихьэлIэну хущхъуэхэмкlэ, зэригъэхъужыну Iэмалхэмкlэ.

Ковид сымаджэщым цIыхур гъэгъуэлъэным теухуа унафэр зыщIар дохутыр нэхъыщхьэхращ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ар Узыншагъэр хъуумэныкlэ министерствэм и унафэщ.

Коронавирус узыфэр зыпкърытхэм я закъуэкъым ди лэжьакIуэхэр зыкlэлъэплъыр. АтIэ, цIыхум и давлензр декIуеими, нэгъуэщI уэ гуэрхэм кьыхагъэзэхьыми, анализ итын хуейми далъоIэс. Хущхъуэкlэ, ящэ дэIэпыкъуэгъэр къызэрагъэпэщыныкlэ Iэнатlэр зэтегъэпсыхьащ.

Къыхэзгъэщыщи, ди къуажэм и Iэтащхьэ Иуан Руслан и дэIэпыкъуныгъэ ин хэлъу, хуэмыщIауэ псэу унагъуэм хущхъуэкlэ защIэдгъэкъуэфащ. Дэ тхуэзэфIэкlари, къуажэм и унафэщIым къыбгъэдэкlари унагъуэм исхэм етхьэлащ. ГъащIэр гугъу хъуащи, сыт хуэдэ дэIэпыкъуныгъэри гуапэщ.

- Мы зэман хьэлъэм уэ зэрыщIалэм пэщIэт лэжьакIуэхэм, уи лэжьэгъуэхэм я цIэ къыIуэн хуейуэ къыдолъытэ...

- Ахэр, шэч хэмылъу, иджырей зэманым и лIыхъужьу къеплъытэ хъунущ. Си гуапэу кьыхэзгъэщынщ ди дохутыритIыр: Щымырэз ФатIимэрэ Шыбзыхьуэ ФатIимэрэ. Абыхэм я медсестращ ЛIымаху Санятрэ Мэремыкъуэ Людэрэ. Сабий дохутырыр Уэрэзэлы Залинэщ, абы щыгъу медсестрар Урэхчай Ритэщ. Ди гур ягъэпсэку кьыддолажьэ ди амбулаторэм къепха водительзэкъуэшхэу Бетыгъуэнхэ Артуррэ Рэмэзанрэ. Кьохъу сабий пэплъэ бзылъхугъэ цIыкIуэмэн коронавирус кьыщыубыд. Абыхэм набдзэгубдзаплъэу якIэлоплъ, якIэлокIуэ акушер Iэзэ Щохъужь Iэминат.

Сэ, амбулаторэм и унафэщIу сыщыткIэрэ, гупым ягуэщI лэжьыгъэм и кьызэрэпэщыныгъэ си кьалэныи хохьэ. КьинэмыщIауэ, си лэжьэгъуэхэм зэрысхуэзэфIэкlкlэ ящхьэщIэзох езыхэр зыхунэмыс Iуэхуэхэр. ЖьыпIэнурамэз, дызэкъуэту, зыхэзэтщIыкlыжу дызэдолажьэ.

- Коронавирусым фызэрыпэщIэт мазэ бжыгъэм, дауи, гурыIуэгъуэ хъуащ нэхъыщхьэу абы зэрызыщыпхъумэфыну Iэмалхэр. Ахэр цIыхухэм иджыри зэ ягу къэбгъэкIыжынри мылейуэ кьызолъытэ...

- Мы узыфэм зэрызыщыпхъумэфынур абы телажьэ къулькъуэхэм къабгъэдэкlа чэнджэщхэмкlэ Iупщlу къэгъэлъэгъуащ. Ахэр зымыщIэ иджыпсту туэгъэгъуейщ. Ахэр текI имыIэу бгъэззэщIэн хуейуэ аращ.

Ятрауэ, цIыху куэду щызэхуэс щыпIэхэм укIуэ хъунукъым. Апхуэдэщ, Iэныгъэ, сэдэкъэ, хьэгъуэлIыгъуэ хуэдэхэр. Апхуэдэхэм хэтахэращ уэ зэрыщIалэр нэхъыбэу зэуалIэр.

Узыншагъэр зыгъэбыдэ дуней тетыкIэр: физкультурэмрэ спортымрэ цIыхум и Iэпэгъуу щытын хуейщ. КьищынэмыщIауэ, цIыхум пкърыт узыфэхэр хэмытIэсэн папщIэ, дохутырым хуитха хущхъуэхэр зэхьэлIэныр щыгбгъэт хъунукъым.

ЦIыхум жэуаплынигъэ хэлъмэ, медицинэм и лэжьакIуэм ищIэн хуейуэ зыри кьигъанэу къэслытэркъым. НэгъуэщIуи жысIэнщи, зыми егъэзыгъэкlэ зыпхуегъэхъумэжынукъым. Дэ чэнджэщ ятт кьудейуэ араш. ИкIи псом хуэмыдэу ди чэнджэщхэр зыхуэгъэзар ныбжь зиIэхэращ. Араши, фызыхуэсакъыж! Илъэсищ дызэрыхьэнри угъурлы Тхьэм тхуищ!

Епсэлъар
щохъужь Лусанэщ.

УшэтыпIэ лъэхъаным ицIыфхэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.)

- Азэ, адэ уибынмэ сыдигъуа уакъыдэхэхьажьыгъэр?

- ШышъхьэIум и 26-м сиунэ сихьажьыгъ. «Лъэныкъо плъжьым» сыкlыхэзэщыщIэр сишъэо нахьыкIэу мыгъэ апэрэ классым чIэхьагъэр ары. Тиунагъохэр, тибынэр кьыткъоуцуагъэх. Іофэу тщIэрэм имэхьанэ, типшъэдэкlыжь зэхашIыкIэу ахэр пкъэуцхоу тиIэх.

- Ковидым пэщIуекIорэ прививкэр зыщIыгъэ врачхэр тимедицинэ Іофышlэмэ зэрахэтхэм сыщыгъуазэ. О пщIыгъа?

- Сшlыгъэ, тисымаджэщ чIэт врач нэбгырищмэ сахэтэу.

- Сыдэу уехъулIагъ?

- Апэрэ чэщ-сымафэм ОРЗ-плъышъохэр зэхэсшIагъэх. ЯтIонэрэ мафэм сизытет дэгу къэхьужыкlыгъ. Вакцинацием тыкъыкъонэщт. Ащ нэмыкlэу ковидым узэрэпэуцужьым щыlэп. Прививкэ зыхэзыпльхьагъэхэмрэ сымаджэхагъэхэмрэ апчьагъэ бэ зыхъукlэ, ухэм къыкlичыщт ныIэп. Джыдэдэм сымаджэу госпиталым чIэлъыр нэбгырэ 395-рэ мэхъу. ГъолъпIэу тиIэр 410-рэ. Джыри кьатитIу хъурэ корпус тэгъэхьазыры пIэкlор 240-рэ чIэфэнэу. Сымаджэхэм апчьагъэ хэхъо. Чэщ-сымафэ горэм ковидкlэ сымаджэ 54-рэ госпиталым кьыращэлIагъ. Цыфхэр зыфсакъыжьынхэ фае! Анаlэ зытетыжьынэу, эпидемиологие шапхъэхэр агъэцэкlэнхэу сыкьаджэ! Ныжь-тыжьхэр зиIэхэр, шъусакъ! Ахэм уз гъэтIылъыгъэхэр яIэх. УяIэзэнкlэ кьинэ. Ковидым хэужьыныхьагъэ узхэр кьеГъэбырсырых.

Бзылъфыгъэ лъэрымыкьэхэм нахь гъэлъэшыгъэу зыфсакъыжьынхэу сыкьаджэ. Сабыеу ашъо хэлъым зэрар уцхэмкlэ ятымгъэкlыным пае икъоу тяIэзэшlыурэп. Госпиталым сабый пчьагъэ ащ фэдэу кьыщыхьугъ. Ныхъ нэужьым тяIаз. Унэм исхэу цIыфхэм ахэмыхьхэмэ, сыфсакъыжьыхэмэ, коронавирусыр кьапльащтэн, ябныкэри къафэсакъынхэ фае.

Зишlогъэшхо къытхкIырэмэ ащыщ санавиациемкlэ къытатыгъэ вертолетыр. Мары, ащ ишlуГэкlэ Инэм къыращи, такъикъ 20-кIэ къынагъэсыгъ, псынкIэу къытащIэлIэх. Сымаджэщхэм ящыкlагъэр зэкlэ аIэкlэгъ, врачхэми Іэзэкlэ шэпхъэ пчьагъэхэр ауштыгъахэх. Апэдэдэ пандемиеврач тызэрэхъхьэгъагъэм фэмыдэу, нахь тыхэнэIосхьагъ, тызэрэпэуцущт амалхэр къытIэкlэхьажьгъэх, тицыхьэ зытелъыжьх, типшъэрылъхэмкlи, типшъэдэкlыжь кьэмкlи тыкъызэкlэкIощтэп. Тигъэпшъыгъа пIомэ, шъыпкъэ, кIуачIэу бэ тIихьирэр. Ау, хэтрэ цIыфи фэдэу, Илъэсыкlэу къэблагъэрэм гугъэпIэшIуэр етэпхых, дунаир зэпльэзыкlугъэ узым якIуачIэ кьыкlичыни кIосэжьынэу, тыфрикьунэу тэгугъэ!

ТЭУ Замир.

Къущхьэ Догъэн щыпсэу Тыркум и мызакъуэу, ди республикэми фIыуэ къыщацIыху. Ар усакIуэщ, узрадусщ, узрэджыIакIуэщ. И узрэдэржщ ар адэжь Хэкум цIэрыIуэ зэрыщыхъуари - хэкэсхэм я гъащIэр махуэ кьэс зи нэгу щIэкI, абыхэм я гуныкьуэгъуэхэр зи псэм пхыкI щIалэм лъэмыкIыу зритауэ жьыпIэ хъунущ а Iуэхум. Ар хъарзынэу къызэрехьулIэм и щыхьэтщ щIыхубзм абы и узрэдхэр гунэс зэращыхъуар. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр абы щыхуагъэфэщар ар щIыхубзм фIыуэ зэралъагъурщ, и творчествэр зэрафIэлъапIэрщ.

Дунейм иджыпсту зыщцыхубгъуа коронавирусми блэкlыфакъым Догъэн и кьалэмыпэр - абы хуабжу хуэхъущIэу усэ кьытхуиГэхьащи, ар тыдодэ.

КОРОНЭ

Уэ коронэ-коронэу,
Уэ коронэ мыгъуэ.
Гъуэгу мыгъуэр зи гъуэгуанэу,
Зи гъуэгуанэр хъэдрыхэ.
ГущIэгъуншэу псэр хэзыхыу,
Псэ хэхынкlэ зызымыгъэнщI.
ЦIыхуу щыIэр зыгъэшынэ,
Уэтщlэнур кьытхуэмыщIэ.
ЩIым утетми, удмылъагъу,
Уафэм уитми, дымыщIэ.
Дэнэ мыгъуэм укъиукI,
Щхьэ мыгъуэ укъытхуэукIуэт.
Къакlуэ жьытIэу, дыномыджа,
КIуэж жьытIэкlэ, утхуэмыкIуэж.
Хабзэ пхэпкъи зыхэмылъ,
Нэхъыжь-нахьыжьIэ зымыщIэ.
Мыхьэмыщ зимыIэу,
Ямэ кьиухэм едзакъэ.
Щхэурыпхъуэу хьэ дзэкъэкlэ,
Зи дзэкъэкlэр псэхэх.
Дыгъужь хабзэу, зиудыгъуауэ,
Дунеишхуэр къэзыущыхь.
Игъэмыхъур зыхуэкIуэн,
Егъурэгъуэзыр зытехуэн,
Гъуэпсыр къыIурыжу,
ПIэтIауэу къытехуэн.
Уэ пшхыни дэ димыIэ,
МэжэщlалIэм илIыкIын.
Іэбжэ-набжэр дгъэбыдэри,
Ди бжэр быдэу едгулIащ.
Зэпытрэ зэкIэу
УкъызидикIам удохуж.
Гъуэгу мыгъуэм утиувэ,
КОРОНЭ.

КЪУЩХЬЭ Догъэн.
Истамбыл

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 19, *щэбэт*

♦**ХуэмыщIауэ псэухэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и Къэрал Къулыкъум и дзэ тIасхьэщIэх Іэнатlэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ.** 1918 гъэм ЦIыхубз комиссархэм я советым унафэ къыдигъэкIащ Лжьакlуэхэр Іэнатlэ щыувкlэ я къулыкъур, щыува зэманыр, я лжьакъыгъэм пыщIа нэужьщкъинэмыщIхэр къыщIагъэльэгъуэну тхыльхэр къахуэзIухьыным теухуауэ.

♦**1963 гъэм** ФРГ-м щыпсэухэр хуит ящIащ Берлин блыныр зэпаупщIу, я Іыхьлхэм я деж зы махуэкlэ щыхьэщIэн папщIэ ГДР-м кIуэну.

♦**1971 гъэм** Украинэм къыщыщIэрагъэпэщащ «Дохутырхэм гъунапкъэ яIэкъым» дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦**1999 гъэм** Китайм и щIыналъэм къыхагъэхьащ Макао хьITыгу, 1987 гъэм зэращIылIаяу щыта зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткlэ Португалием бгъитыжар.

♦Адыгэпщ, урысеидзэм полковникыу къулыкъу щызыщIа **Хьэтlохьущокъуэ Исмэхьил-Бей** къызэралъхурэ илъэс 260-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист **Гъуэлпащlэ Заудин** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Тхакlуэ, журналист, «Іущщхьэмахуэ» журналым жуэлан зыхь и секретару щыта **Хьэлупщы МуIэед** къызэралъхурэ илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Урысей журналист, политолог, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат **Медведев Сергей** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусиу 2 - 3, жэщым щIыIэр градусиу 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 21, *блыщхьэ*

♦**Илъэсым къриубыдэу махуэр щынэхъ кIэщIщ, жэщыр щынэхъ кIыхьщ.**

♦**1610 гъэм** яуклащ Урысейм пащтыхьыгъуэр щызыубыдыну хущIэкъуэ Джедмитрий ЕтIуанэр.

♦**1891 гъэм** США-м и Спрингфилд къалэм дунейм щыяпэу баскетболымкlэ зэхьэзэхуэ щекIуэкlащ. А джэгуакlэ Iэужьыгъуэр къигусыгъат физкультурэмкlэ егъэджакIуэ Нейсмит Джеймс.

♦**1899 гъэм** Санк-Петербург къыщIэкlащ «Огонёк» журналым и япэ номерыр.

♦**1913 гъэм** «New York World» газетым (США) дунейм щыяпэу кроссворд къыстехуащ.

♦**1944 гъэм** ВКП(б)-м и обкомым унафэ кьиущащ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет къыщыдэгъэкlыныр теухуауэ.

♦**1991 гъэм** Къэзахъстаным и къалащхьэ Алма-Атэ Азербайджаным, Армением, Белоруссием, Къэзахъстаным, Къыргызыстан, Молдовэм, Урысейм, Таджикистаным, Туркменистаным, Узбекистаным, Украинэм я Іэтащхьэхэм Іэ щытрадзащ Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм и хабзэхэр щыубзыхуа Декларацэм.

♦**1994 гъэм** Урысей телевиденэм и Академием илъэс къэс ят «ТЭФИ» саугъэтыр игъэуващ.

♦ПаРт, къэрал лэжьакIуэ, генералиссимус, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, 1924 - 1953 гъэхэм СССР-м и унафэщIу щыта **Сталин (Джугашвили) Иосиф** къызэралъхурэ илъэси 141-рэ ирокъу.

♦Дзэзешэ цIэрыIуэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Рокоссовский Константин** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦Совет драматург, журналист, дзэ корреспондент, Сталиным и саугъэтыр зрата **Вишневский Всеволод** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, щIэныгъэлI **Елмэс Іэулдин** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубз артисткэ **Аросевэ Ольгэ** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и къуадзэ, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ тарэтым и фракцэу Къэрал Думэм щыIэм и секретарь **Неверов Сергей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, УФ-м финансхэмкlэ и министрым и къуадзэ **Котюков Михаил** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градусиу 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Дыгъэгъазэм и 19, *щэбэт*

♦**ХуэмыщIауэ псэухэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и Къэрал Къулыкъум и дзэ тIасхьэщIэх Іэнатlэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ.** 1918 гъэм ЦIыхубз комиссархэм я советым унафэ къыдигъэкIащ Лжьакlуэхэр Іэнатlэ щыувкlэ я къулыкъур, щыува зэманыр, я лжьакъыгъэм пыщIа нэужьщкъинэмыщIхэр къыщIагъэльэгъуэну тхыльхэр къахуэзIухьыным теухуауэ.

♦**1963 гъэм** ФРГ-м щыпсэухэр хуит ящIащ Берлин блыныр зэпаупщIу, я Іыхьлхэм я деж зы махуэкlэ щыхьэщIэн папщIэ ГДР-м кIуэну.

♦**1971 гъэм** Украинэм къыщыщIэрагъэпэщащ «Дохутырхэм гъунапкъэ яIэкъым» дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦**1999 гъэм** Китайм и щIыналъэм къыхагъэхьащ Макао хьITыгу, 1987 гъэм зэращIылIаяу щыта зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткlэ Португалием бгъитыжар.

♦Адыгэпщ, урысеидзэм полковникыу къулыкъу щызыщIа **Хьэтlохьущокъуэ Исмэхьил-Бей** къызэралъхурэ илъэс 260-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист **Гъуэлпащlэ Заудин** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Тхакlуэ, журналист, «Іущщхьэмахуэ» журналым жуэлан зыхь и секретару щыта **Хьэлупщы МуIэед** къызэралъхурэ илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Урысей журналист, политолог, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат **Медведев Сергей** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусиу 2 - 3, жэщым щIыIэр градусиу 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 21, *блыщхьэ*

♦**Илъэсым къриубыдэу махуэр щынэхъ кIэщIщ, жэщыр щынэхъ кIыхьщ.**

♦**1610 гъэм** яуклащ Урысейм пащтыхьыгъуэр щызыубыдыну хущIэкъуэ Джедмитрий ЕтIуанэр.

♦**1891 гъэм** США-м и Спрингфилд къалэм дунейм щыяпэу баскетболымкlэ зэхьэзэхуэ щекIуэкlащ. А джэгуакlэ Іэужьыгъуэр къигусыгъат физкультурэмкlэ егъэджакIуэ Нейсмит Джеймс.

♦**1899 гъэм** Санк-Петербург къыщIэкlащ «Огонёк» журналым и япэ номерыр.

♦**1913 гъэм** «New York World» газетым (США) дунейм щыяпэу кроссворд къыстехуащ.

♦**1944 гъэм** ВКП(б)-м и обкомым унафэ кьиущащ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет къыщыдэгъэкlыныр теухуауэ.

♦**1991 гъэм** Къэзахъстаным и къалащхьэ Алма-Атэ Азербайджаным, Армением, Белоруссием, Къэзахъстаным, Къыргызыстан, Молдовэм, Урысейм, Таджикистаным, Туркменистаным, Узбекистаным, Украинэм я Іэтащхьэхэм Іэ щытрадзащ Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм и хабзэхэр щыубзыхуа Декларацэм.

♦**1994 гъэм** Урысей телевиденэм и Академием илъэс къэс ят «ТЭФИ» саугъэтыр игъэуващ.

♦ПаРт, къэрал лэжьакIуэ, генералиссимус, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, 1924 - 1953 гъэхэм СССР-м и унафэщIу щыта **Сталин (Джугашвили) Иосиф** къызэралъхурэ илъэси 141-рэ ирокъу.

♦Дзэзешэ цIэрыIуэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Рокоссовский Константин** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦Совет драматург, журналист, дзэ корреспондент, Сталиным и саугъэтыр зрата **Вишневский Всеволод** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, щIэныгъэлI **Елмэс Іэулдин** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубз артисткэ **Аросевэ Ольгэ** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и къуадзэ, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ тарэтым и фракцэу Къэрал Думэм щыIэм и секретарь **Неверов Сергей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, УФ-м финансхэмкlэ и министрым и къуадзэ **Котюков Михаил** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градусиу 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гъащlэр гъуэрыгъуэ шэнтщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэр КъБР-м и Жылагъуэ палатэм мэкъумэш Іэнатlэмрэ къуажэхэмрэ зегъэужьынымкlэ и комиссэм и унафэщI **Колесников Юрий Александр и къуэм** хуогузаво абы и адэ **Колесников Александр Пётр и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкlыу.

Редактор нэхъыщхьэхэр
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд («Адыгэ псалъэ»),
ДЕРБЭ Тимур («Адыгэ макъ»),
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Умаркъуэ («Черкес хэку»),
ХЬЭЖЬЭБЫКIЫУ Эрдоган («Жьынэпс»)

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыпатъэ Іуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894
Тираж 2.000
Заказ №2728